O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A`jiniyaz ati'ndag`i' No`kis ma`mleketlik pedagogikali'q instituti'

Pedagogika fakul`teti

«Pedagogika ha`m psixologiya» kafedrasi'
«Pedagogika ha`m psixologiya» ta`lim bag`dari'nin` 4- «j» kurs studenti

**BAYKUATOVA JULDIZ TURGALIEVNANIN`**

«Ta`lim-ta`rbiyani' sho`lkemlestiriw formalari'ni'n` zamanago`y usi'llari'»
temasi'ndag`i'

# PITKERIW QA`NIGELIK JUMISI

| | |
|---|---|
| Talaba: | Baykuatova J. |
| Ilimiy basshi': | Allayarov M. |
| Kafedra basli'g`i': | p.i.k.,dots Saparov Sh. |

Nukus - **2015** j.

**MAZMUNI**:


| | |
|---|---|
| **Kirisiw** | **3-10 betler** |
| **I.BAP. Baslawi'sh klasslardi'n` sabaq protsessinde jan`a pedagogikali'q texnologiyalardan paydalani'w mashqalalari'.** | |
| **1.1. Jan`a pedagogikali'q texnologiya haqqi'nda tu'sinik.** | **11-16 betler** |
| **1.2. Jan`a pedagogikali'q texnologiyani'n` tariyxi'y negizleri.** | **11-17 betler** |
| **1.3. Baslawi'sh klasslarda jan`a pedagogikali'q texnologiyalardan paydalani'w imka`niyatlari'.** | **18-29 betler** |
| **II-BAP. Baslawi'sh klasslardi'n` sabaq protsessinde jan`a pedagogikali'q texnologiya elementlerinen paydalani'wdi'n` forma ha`m metodlari' .** | |
| **2.1. Sabaq protsessinde jan`a pedagogikali'q texnologiya elementlerinen paydalani'w sabaq na`tiyjeliligin asi'ri'wdi'n` faktori'.** | **30-37 betler** |
| **2.2. Ilim-izertlew jumi'slari'ni'n` sho`lkemlestiriliwi.** | **38-39 betler** |
| **2.3. Ta`jiriybe-si'naw jumi'slari'ni'n na`tiyjeleri.** | **40-44 betler** |
| **Juwmaqlaw** | **45-46 betler** |
| **Paydalani'lg`an a`debiyatlar** | **47-49 betler** |
| **Qosimshalar** | **49-55 betler** |

## KIRISIW

**Temani'n` aktual`li'g`i'**. Ha`zirgi waqi'tta Kadrlar tayarlaw milliy bag`darlamasi' ha`m mektep ta`limin rawajlandi'ri'wdi'n` uli'wma milliy bag`darlamasi' talaplari' k:sheyip barmaqta. Sol sebepli ilim-izertlew jumi'slari' erkin pikirleytug`i'n jeke adamdi' qa`liplestiriw ha`m ta`lim-ta`rbiya tarawi'nda texnologiyali'q jantasi'wlardi' a`metge asi'ri'wg`a qarati'lg`an. Bunday jag`dayda pedagogika pa`ni o`zinin` ob`ekti, predmeti , maqseti, teoriya ha`m a`meliyatti'n` bir-birine say keliwi usag`an sorawlardi' o`z aldi'na qoyadi'. Oqi'w protsessin sho`lkemlestiriwde jan`a pedagogikali'q texnologiyalardi' maqsetke muwapi'q paydalani'w ma`selesin qoyadi'. Sol sebepli pedagogika pa`ni teoriyasi'nda jan`a ideyalardi' jarati'wdi' talap etpekte. Ha`zirgi rawajlani'w da`wirinde jas a`wladqa bilim beriwde oqi'ti'wdi'n` zamanago`y metodlari'nan paydalani'wdi' o`z aldi'na maqset etip qoymaqta. Basqasha etip aytqanda, bilimlendiriw tarawi'ndag`i' o`zgerisler pedagogikani' u'yrenetug`i'n pa`n paradigmasi'n o`zgertiw ideyasi'n alg`a qoymaqta. Pedagogikali'q paradigma ilimiy xi'zmet modeli si'pati'nda, bir ta`repten, ta`limde pa`nler arali'q ilim-izertlewdin` abi'royi' ko`terilip ati'rg`ani', pedagogika pa`ninin` integrativ funktsiyasi' k:sheyip ati'rg`ani'n ko`rsetse, ekinshi ta`repten, ta`lim-ta`rbiya ni'zamli'li'qlari'n u'yrenetug`i'n pa`n si'pati'nda pedagogshikani'n` teoriyali'q jaqtan abi'rayi'n asi'ri'w boli'p tabi'ladi'.

Kadrlar tayarlaw milliy bag`darlamasi'nda aldi'n`g`i' pedagogikali'q is-ta`jiriybelerdi, jan`a pedagogikali'q texnologiyalardi' u'yrenip, olardi' oqi'w ma`kemelerine engiziw qayta-qayta ta`kirar ayti'lg`an.

Respublikami'zdi'n` pedagog-ali'mlari' ha`m metodistleri ilimiy tiykarlang`an, O`zbekstanni'n` sotsialli'q-pedagogikali'q sharayati'na sa`ykeslengen bilimlendiriw texnologiyalari'n jarati'w ha`m olardi' ta`lim-ta`rbiya protsesine, praktikasi'nda qollani'wg`a umti'lmaqta.

Prezident I.A.Karimov ta`repinen ilimiy tiykarlap berilgen ta`lim-ta`rbiya modelin a`meliyatqa engiziw oqi'w protsessin texnologiyalasti'ri'w menen

ti’g`i’z baylani’sli’. Sol sebepli Kadrlar tayarlaw milliy bag`darlamasi’nda «Oqi’w-ta`rbiyali’q protsessti aldi’qg`i’ pedagogikali’q texnologiyalar menen ta`miyinlew» oni’n` ekinshi ha`m u’shinshi basqi’shlari’nda ori’nlanatug`i’n wazi’ypalardan biri si’pati’nda belgilendi.

Pedagogikali’q texnologiyani’n` orayli’q mashqalasi’ ta`lim-ta`rbiya protsessin, pedagogikali’q praktika aldi’na qoyi’lg`an erkin pikirleytug`i’n, demokratik jeke adamdi’, ka`mil insandi’ qa`liplestiriwge erisiw boli’p tabi’ladi’.

Oqi’ti’wshi’ qanshelli mag`li’wmatli’ bolsa, pedagogikali’q sheberlik iyesi bolsa, ol keleshek a`wladti’ da sonshelli bilimli, ha`r ta`repleme jetilisken a`wlad etip ta`rbiyalay aladi’.

Pedagogikali’q texnologiya sonday bilimler tarawi’, olardi’n` qollani’wi’nda jan`a mi’n` ji’lli’qtan bilimlendiriw tarawi’ndag`i’ ma`mleketlik siyasatda tu’pten o`zgeris ju’z beredi. Oqi’ti’wshi’ni’n` xi’zmeti jan`alanadi’, oqi’wshi’larda joqari’ pikirlewshilik, insans:yiwshilik sezimleri qa`liplesedi.

Bul tu’pkilikli reformalardi’n` bas ha`reketlendiriwshi k:shi aldi’n`g`i’ qatar pedagogikali’q texnologiyalardi’ engiziwden ibarat, bunda avtoritar pedagogikadan azat boli’p, birge islesiw pedagogikasi’na o`tiwimiz kerek boladi’. Sonli’qtan, ta`lim-ta`rbiya ni’n` bas maqseti ha`m mazmuni’ jan`alandi’. Mazmun ha`m maqset jan`alang`an jerde go`ne usi’lda islep bolmaydi’. Sol sebepli xali’q bilimlendiriw xi’zmetkerleri ha`m mug`allimlerdin` oylawi’n rawajlandi’ri’wda aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyani’ o`zbetinshe u’yreniw, oni’n` maqset ha`m wazi’ypalari’ nelerden ibarat ekenligin teren` an`lati’w kerek.

Beriletug`i’n bilimlerdin` negizi bekkem bolsa, oni’n` na`tiyjesi unamli’ boladi’. Sonday eken, pedagogikali’q texnologiya elementlerinen baslawi’sh klasslardan-aq paydalansa, oqi’wshi’lar ta`limnin` joqari’ basqi’shlari’nda o`zlerinin` pikirlerine iye boli’p, a`tirapta boli’p ati’rg`an ha`diyselerge kritikali’q m:na`sebet bildire aladi’.

Zamango`y baslawi’sh ta`limnin` o`zi neden ibarat ekenligi, ta`limnin` bul basqi’shi’nda oqi’wshi’lar qanday bilimge iye boli’wi’ ha`m olardi’n` ta`rbiyasi’

qanday boli’w kerekligi bu’gin sol tarawda xi’zmet ko`rsetip kiyati’rg`an ha`r bir pedagogti’ oylandi’ri’wi’ kerek.

Baslawi’sh ta`limdi reforma etiw boyi’nsha xali’q bilimlendiriw ministrligi, Ministrler Kabinetinin` **203**-sanli’ qarari’na baylani’sli’ baslawi’sh klasslarda zaman da`rejesindegi jan`a ta`lim mazmuni’ jetilistirildi. Soni’n` menen birge, aldi’n`g`i’ qatar pedagogikali’q texnologiyani’ engiziwge imka`niyat jarati’ldi’.

Bugingi ku’nde ko`plegen metodist-ilimpazlar: J.G.Yoldashev, N.Saidaxmedov, S.Umarov, B.L.Faberman, U.Nishonaliev, X.Yu.Xakimjonov, U.Tolipov ha`m basqalar aldi’n`g`i’ qatar pedagogikali’q texnologiyalardi’n` ta`lim-ta`rbiyadag`i’ na`tiyjeliligin ko`rsetip, ti’ni’msi’z ilimiy-izertlew jumi’slari’n ali’p barmaqta. Bunnan ti’sqari’, ko`pshilik taraw qa`nigeleri o`zinin` qa`nigelikleri boyi’nsha ko`plegen metodikali’q qolanbalar, usi’ni’slar jaratpaqta. Bulardan ayti’p o`tetug`i’n bolsaq, B.L.Faberman «Aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalar» -broshyura (Tashkent, O`zRIA «FAN» baspasi’, 2000 j.), Bo`ri Ziyamuxamedov, Shoira Abdullaeva «Ilg`or pedagogik texnologiya» «Nazariya va amaliet» «Ma`naviyat asoslari» sabag`i’nda islengen metodikali’q qollanba (Tashkent, 2001 j.), R.X.Karimov «Bilimlendiriwde pedagogikali’q texnologiyalar» -oqi’w qollanbasi’ (G:listan-1999), E.Abduvalidov «Jan`a pedagogikali’q texnologiya ne?» metodikali’q qollanba (Tashkent, Ni’zamiy ati’ndag`i’, TDPU, 2001 j.) ha`m basqa ko`plegen broshyuralar basi’p shi’g`ari’ldi’. Usi’ oqi’w-metodikali’q qollanbalarda pedagogikali’q texnologiyalarg`a uli’wma ta`riyp berilip, o`z tarawlari’ boyi’nsha metodikali’q qollanbalardan u’lgiler berilgen.

Bunnan basqa, pedagogikali’q texnologiya, oni’n` ta`lim-ta`rbiya protsessinde qollani’li’wi’,jollari’ ha`m usi’llari’ haqqi’nda M.V.Klarin, B.L.Faberman, V.P.Bespal`ko, M.T.Gromkomkova, V.I.Groshkova, F.Yanushkevicherdin` ilimiy-izertlew jumi’slar i’nda bayan etilgen. Biraq, bilimlendiriwge jan`asha texnologiyali’q jantasi’w haqqi’nda bul ilim-izertlew jumi’slari’nda az g`ana fikrler bildirilgen.

Sebebi, o`zbetinshe, do`retiwshilik penen pikir ju’ritetug`i’n kadrlar ma`mleketimizdin` du’n`ya tsivilizatsiyasi’ da`rejesine ko`teriliwi ha`m rawajlani’wi’na u’les qosi’wi’ mu’mkin.

Joqari’da ayti’lg`an ilimiy-izertlew jumi’slari’nda pedagogikali’q bilim ha`m ta`rbiyani’n` tarawlari’ u’yrenilgen. Biraq, bu’gingi ku’nge shekem pedagogikali’q texnologiya elementlerin baslawi’sh ta`limge engiziwdin` ilimiy tiykarlang`an sistemasi’ jarati’lg`ani’ joq. Soni’n` ushi’n da biz dissertatsiyami’zdi’n` temasi’n to`mendegishe: «Ta`lim-ta`rbiyani’ sho`lkemlestiriw formalari’ni’n` zamanago`y usi’llari’» dep atadi’q.

**Ilim-izertlew jumi’si’mi’zdi’n` maqseti -** uli’wma orta bilim beretug`i’n mekteplerde zamanago`y sabaq usi’llari’nan paydalani’w, pedagogikali’q texnologiya elementlerin engiziw, sabaqti’n` na`tiyjeliligin asi’ri’wdi’n` jollari’n tabi’w ha`m sabaq islenbelerin jarati’wdan ibarat.

**Ilim-izertlewdin` ob`ekti**: baslawi’sh klasslardi’n` oqi’w protsessi.

**Ilim-izertlewdin` predmeti**: baslawi’sh klasslarda aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiya elementlerin qollani’w.

**Ilim-izertlewdin` wazi’ypalari’**:

1. Temag`a baylani’sli’ pedagogikali’q dereklerdi u’yreniw, analiz etiw, olardi’ uli’wmalsti’ri’w.
2. Baslawi’sh klasslarda qollanatug`i’n pedagogikali’q texnologiya elementlerinin` ko`lemin ani’qlaw ha`m sabaqli’qlardi’ analiz etiw.
3. Baslawi’sh klass mug`allimleri aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalardi’ qanday da`rejede o`zlestirip, sabaq protsessinde qollani’w da`rejesin ani’qlaw.

**Ilim-izertlewdin` metodologiyali’q tiykarlari’**: O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan Respublikalari’ni’n` Konstitutsiyalari’, «Bilimlendiriw haqqi’nda»g`i’ Ni’zam ha`m Kadrlar tayarlaw milliy bag`darlamasi’, Mektep bilimlendiriwin rawajalandi’ri’wdi’n` uli’wma milliy ma`mleketlik bag`darlamasi’. O`zbekstan Respublikasi’ Prezidenti I.A.Karimovti’n` shi’g`armalari’, shi’g`i’p so`ylegen bayanatlari’, O`zbekstan ha`m

Qaraqalpaqstan xu'kimetinin` bilimlendiriwdi rawajlandi'ri'wg`a qarati'lg`an qararlari', baslawi'sh ta`lim kontseptsiyasi' , baslawi'sh ta`lim standarti', temag`a baylani'sli' ilimiy-metodikali'q, pedagogikali'q derekler.

**Ilim-izertlewdin` metodlari':**

1. Sali'sti'rmali' analiz, uli'wmalasti'ri'w.
2. Anketa, soraw-juwap, sa`wbetlesiw.
3. Pedagogikali'q eksperiment.

**Ilim-izertlewdin` gipotezasi'**:

-eger baslawi'sh ta`lim klasslarda sabaq protsessinde aldi'n`g`i' qatar pedagogikali'q texnologiya elementleri ori'nli' tu'rde engizilse,

-oqi'wshi'larda bir sabaqti'n` o`zinde tema boyi'nsha ken` mag`li'wmatqa iye boli'w imka`niyati' payda bolsa,

-mug`allim az waqi't jumsap, ko`birek na`tiyjege erisse,

- oqi'wshi'lardi'n` da`slepki jaslari'nan baslap, o`z betinshe, kritikali'q, logikali'q pikirlew qa`biyletlerinin` o`siwine erisilse.

**Izertlew na`tiyjelerinin` engiziliwi.** Izertlewden ali'ng`an na`tiyje ha`m usi'ni'slar uli'wma orta bilim mekteplerinin` baslawi'sh klasslari'nda paydalani'w unamli' na`tiyje beredi. Soni'n` menen birge oqi'ti'wshi'-ustazlar ushi'n a`meliy usi'ni'slar berilgen.

**Jumi'sti'n` aprobatsiyasi'**. Pitkeriw qa`nigelik jumi'si' A`jiniyaz ati'ndag`i' No`kis ma`mlektelik pedagogikali'q instituti'nda, kafedra ma`jiilslerinde, seminar ken`eslerde bayanatlar jasaldi' ha`m pedagogikali'q ta`jiriybeden o`tkerildi.

**Jumi'sti'n` sostav du'zilisi.** Jumi's kirisiw, eki bap, juwmaqlaw, paydalani'lg`an a`debiyatlar diziminen ibarat. Ko`lemi 55 bet.

## I-BAP. Baslawi'sh klasslardi'n` sabaq protsessinde aldi'n`g`i' pedagogikali'q texnologiyalardan paydalani'w mashqalalari'.

### 1.1. Jan`a pedagogikali'q texnologiya haqqi'nda tu'sinik.

O`zbekstan Respublikasi'nda xali'qti'n` bay ruwxi'y potentsiali' ha`m uli'wmainsani'y qa`driyatlarg`a, ha`zirgi zaman ma`deniyati', ekonomikasi', ilim-pa`ni, texnikasi' ha`m texnologiyasi'ni'n` son`g`i' jetiskenliklerine tiykarlang`an turaqli' bilimlendiriw sistemasi'n payda etiw aktual` ma`sele boli'p tabi'ladi'.

Kadrlar tayarlaw milliy bag`darlamasi'nda aldi'n`g`i' qatar pedagogikali'q texnologiyalardi' engiziw ha`m o`zlestiriw za`ru'rligi ko`p ma`retebe ta`kirarlanbaqta. Sonli'qtan pedagogikali'q texnologiya degen ne ol da`st:riy sabaqlardan nesi menen aji'rali'p turadi'.

O`zbekstanda ta`lim-ta`rbiya tarawi'n reformalawdi'n` tiykarg`i' faktorlari'nan biri «Jeke adam ma`pi ha`m bilimlendiriwdin` u'stinligi» boli'p tabi'ladi'. Bul faktor ma`mleketimizdin` sotsialli'q siyasati'n belgilep bergenligi sebep, oqi'ti'wdi'n` jan`a modeli jarati'ldi'.

Oni'n` tiykarg`i' baslamashi'si' ha`m basshi'si' bolg`an ma`mleket prezidenti I.A.Karimov ta`repinen bul modeldi pedagogikali'q protsesste a`melge asi'ri'w menen baylani'sli' bolg`an turmi'si'mi'zdi'n` tarawlari'nda ju'z bergen «partlaw effekti» na`tiyjeleri haqi'yqi'y ko`rsetilip berildi. Yag`ni'y ol:

-sotsialli'q -siyasi'y qatlamg`a unamli' ta`sir etedi ha`m na`tiyjede ma`mleketimizdegi bar bolg`an ortali'q p:tkilley o`zgeredi,

-insanni'n` o`mirden o`z orni'n tabi'w protsessi tezlesedi,

-jamiyette g`a`rezsiz, kritikali'q pikirlewshi erkin adamni'n` qa`liplesiwine ali'p keledi,

-ja`miyetimizdin` unamli' potentsial ku'shlerin ju'zege shi'g`ari'wda ju'da` u'lken a`hmiyetke iye,

-puxarali'q, erkin, demokrtaiyali'q ja`miyetti quri'wdi' ta`miyinleydi,

«Partlaw effekti» g`ayrati’ menen alg`a qa`dem taslaw pedagog-xi’zmetkerlerdi, teoretik ha`m praktiklerdi ha`reketke keltiredi. Jan`a a`wladti’ kamalg`a keltiriw protsessine pedagogikali’q texnologiyalar menen ta`miyinlewdi da`wir ko`rsetip beredi. Aldi’ menen pedagogikali’q texnologiyag`a bolg`an qi’zi’g`i’w ku’sheydi, degen soraw tuwi’ladi’. Soni’ ayti’p o`tiwimiz mu’mkin, rawajlang`an ma`mleketlerde a`dette birinchi gezekte pedagogikali’q texnologiyag`a bilimlendiriw siyasati’ni’n` basli’ wazi’ypasi’ si’pati’nda qarap kelingen. Bunday jantasi’w YuNESKO ta`repinen de maqullanadi’ ha`m 1972 ji’lda «Bilimlendiriwdi rawajlandi’ri’w ma`seleleri» boyi’nsha xali’qarali’q komissiyani’n` basli’g`i’ Edgara Ferani’n` bayanati’nda da o`z ko`rinisin tapti’: «Zamango`y texnologiya – bilimlendiriwdi modernizatsiyalawg`a ha`reketlendiriwshi k:sh boli’p esaplanadi’».

Ha`zirgi ku’nde pedagogikali’q a`debiyat, ta`lim ma`selelerine baylani’sli’ bayanatlar, ra`smiy x:jjetlerde «jan`a pedagogikali’q texnologiya», «aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiya», «zamango`y pedagogikali’q texnologiya» tu’sinikleri ken` qollani’lmaqta. Biraq, «Pedagogikali’q texnologiya» tu’sinigi elege shekem bir qa`lipke t:sirilmegen, entsiklopediyalarda ta`riplengeni joq, soni’n` menen birge oni’n` mazmuni’ni’n` jan`asha ta`riypi islep shi’g`i’lmag`an. Soni’n` ushi’n bul so`zlerdin` bir-birinen ayi’ri’wshi’ ko`pg`ana ta`riypleri bar. Bulardi’n` arasi’nda YuNESKO ta`riypi maquli’raq: «Pedagogikali’q texnologiya – bul pu’tin oqi’ti’w ha`m bilimlerdi o`zlestiriw protsessinde o`zinin` aldi’na oqi’ti’w formalari’ni’n` na`tiyjeliligin artti’ri’w wazi’ypasi’n qoyi’wshi’ texnikali’q ha`m jeke adam resurslari’ ha`m olardi’n` o`zara baylani’si’n espqa ali’p, bilimlerdi jarati’w, qollani’w ha`m belgilewdin` sistematik metodikasi’» boli’p tabi’ladi’.

Bul ta`riypte tiykarg`i’ tu’sinikler «sistematik metodika» ekenligi ani’q, al qalg`an so`zler pedagogikali’q texnologiyani’n` sistema si’pati’ndag`i’ sostav bo`leklerin ta`riypleydi. A`sirese, sistemali’ jantasi’w pedagogikali’q texnologiyani’ oqi’ti’wg`a basqa jantasi’wlardan pari’qlawshi’ tiykarg`i’ belgi

boli'p tabi'ladi'. Sistema so`zi dizim, bo`leklerden du'zilgen, birikken bir pu'tin na`rse yamasa ha`diyse ma`nisin an`latadi'.

Sistema tu'sinigi ha`m so`zi basqada ma`nislerge iye. Ma`selen, sistema - jip, si'm si'yaqli' terilgen na`rse.

Sistemali' qatnasi'q ilimiy biliw metodologiyasi' ha`m pedagogikali'q praktikani'n` bir bag`dari' si'pati'nda universal xarakteristikag`a iye, pedagogikada ken` qollanladi', ta`lim-ta`rbiyag`a da pedagogikali'q sistema retinde qaraw kerek.

Baslawi'sh ta`limdegi oqi'ti'w sistemasi'-sistemali' jantasi'wg`a tiykarlanadi'. Mektep bosag`asi'na qa`dem qoyg`an oqi'wshi'g`a bilim beriwde a`piwayi'dan quramali'g`a, belgisizden belgilige qarap ali'p bari'ladi'.

## 1.2.Jan`a pedagogikali’q texnologiyani’n` tariyxi’y negizleri

Pedagogikali’q texnologiya degen atama da`slep bilimlendiriwde zamanago`y texnikali’q qurallardi’ ha`m og`an baylani’sli’ jan`asha sho`lkemlestiriwshilik usi’llardi’ qollani’wg`a baylani’sli’ bag`dar si’pati’nda erami’zdi’n` 60-ji’llari’nan baslap a`melge asa balsadi’. Inglisshe **Eiducaional Technologi** atamasi’ sol ji’llarda bir qatar rawajlang`an ma`mleketler: AQSh, Angliya, Italiya, Yaponiyada sho`lkemlestirilgen jurnallardi’n` talari’nda, x:kimet ken`eslerinin` atlari’nda ha`m 1966 ji’ldan baslap Angdiyada turaqli’ o`tkerilgen xali’qarali’q konferentsiya materiallari’nda qollani’lg`an bolsada , mazmuni’na qaray tekste inglisshe « **Technologi in Edicaioin**» so`zleri ja`rdeminde berildi. Texnikali’q qurallar ha`m programmalasti’ri’lg`an oqi’ti’w qurallari’n oqi’ti’w protsessinde qollani’w menen bir qatarda oqi’w protsessin analizlew ha`m ilimiy jantasi’wlardi’ an`lag`annan son` « **Technologi in Edicaioin** » -oqi’ti’w texnologiyasi’» atamasi’ da kirip keldi.

Pedagoglardi’n` praktikasi’nda «Pedagogikali’q texnologiya» tu’sinigi go`ne biraq paydali’, lekin texnologiyali’q jaqtan toli’q du’zilmegen oqi’ti’w usi’llari’ da tu’siniledi. Soni’n` ushi’n, pedagogikali’q texnologiya- oqi’ti’wg`a arnawli’ innavatsion qaraw boli’p tabi’ladi’.

Pedagogikali’q texnologiya bizin` a`wladlari’mi’z, oyshi’llari’mi’z Axmet Yassawiy, Al Xorezmiy, Abu Ali Ibn Sino, Mi’rza Ulug`bek, Axmet Farg`aniy da`wirlerinde aq o`zine ta`n ko`riniste bolg`an. Ustaz-sha`kirt sistemasi’ du’zilgennen son` G`Oqi’wshi’lardi’ oqi’ti’w emes, oqi’wg`a u’yretiw kerekG` degen urandi’ alg`a s:rgen.

Dani’shpanlari’mi’z balani’ duri’s ta`rbiyalaw, oni’n` jeke basi’ni’n` qa`liplesiwinde mug`allimnin` roli, oni’n` juwapkershiligi ma`selesinde qi’mbatli’ pikirler qaldi’rg`an. Olardi’n` shi’g`armalari’nda a`sirese balani’n` ta`lim-ta`rbiyasi’, og`an ka`sip-o`ner u’yretiw, oni’ isbilermen, o`zbetinshe duri’s pikir ju’rgize alatug`i’n etip o`siriwdin` jollari’ haqqi’nda pikir j:rgizgen.

Alisher Nawayi’ o`zinin` ko`pkem shi’g`armalari’nda ka`mil insandi’ qa`liplestiriwdin` mazmni’, jollari’, usi’llari’n bayan etken. Nawayi’ni’n` qaraslari’nda ka`mil insang`a ta`n bolg`an en` joqari’ pazi’yletler: do`retiwshilik, qa`biylet, ilim-pa`nge bolg`an s:yispenshilik kiredi dep esaplag`an. Nawayi’ ilimnin` a`hmiyetin ashi’p berer eken, ilimli adamni’n` ha`r qanday qi’yi’nshi’li’qlardi’ jen`ip o`tiwin ayti’p o`tedi. Sonday aq ilimnin` wazi’ypasi’ bul insanni’n` baxti’na xi’zmet etiw dep aytadi’.

Shi’g`i’sti’n` oyani’w da`wirinin` ulli’ oyshi’li’ Abu Nasi’r Farabiy aqi’lli’, dana ha`m o`tkir pikirleytug`i’n adamlar tuwrali’ sonday deydi: «Aqi’lli’ kisi dep sonday adamg`a aytami’z, onda o`tkir zeyn boli’wi’ menen birge pazi’yleti de bolsi’n. Bunday kisi o`zinin` barli’q qa`biyleti ha`m aqi’li’n jaqsi’ silerdi a`melge asi’ri’wg`a, jaman islerden saqlani’wg`a ha`m tarti’wg`a qatarpag`i’ lazi’m. Sonday adam g`ana aqi’lli’ ha`m duri’s pikir ju’rgiziwshi dep ataw mu’mkin».

Ulli’ ag`arti’wshi’ Abdulla Avloniy pikir ta`rbiyasi’ tuwrali’ sonday deydi: «Pikir ta`rbiyasi’ en` kerekli, ko`p zamanlardan berli ta`g`dir etip kelingen mug`allimlerdin` di’qqati’na su’yengen, xu’jdanlari’na ju’klengen muqa`ddes bir wazi’ypa boli’p sanaladi’. Pikir insanni’n` sharapatli’, g`ayratli’ boli’wi’na sebepshi boladi’. Bul ta`rbiya mug`allimlerdin` ja`rdemine m:ta`j, pikirdin` quwati’, ziyneti, ken`ligi mug`allimnin` ta`rbiyasi’na baylani’sli’ boladi’. Sabaq ha`m ta`rbiya arasi’nda bir azg`ana parq bolsa da, ekiwi bir-birinen ayri’lmaytug`i’n, birinin` jani’na birewi baylang`an jan ha`m dene si’yaqli’dur.

Abdulla Avloniy ta`lim-ta`rbiyani’ jan ha`m dene si’yaqli’ birligin ta`riyplep, yag`ni’y ilim haqqi’nda to`mendegishe ta`riyp beredi:

«Ilim dep oqi’w, jazi’wdi’ biliw, ha`r bir kerekli na`rseni u’yreniwdi aytadi’. Ilim-d:n`yani’n` izzeti, aqi’retttin` sharapati’ boli’p esaplanadi’. Ilim insan ushi’n ju’da` joqari’ ha`m muqaddes bir pazi’ylet boli’p tabi’ladi’. Sonli’qtan, ilim bizge o`z awhali’mi’zdi’, ha`reketimizdi ayna si’pati’nda ko`rsetedi. Ilimnin` paydasi’ ju’da` ko`p, ta`riyp qi’lg`an menen birge oni’ tamamlaw mu’mkin emes boladi’. Bizlerdi zuli’mli’qtan qutqaradi’. Ma`deniyat,

insaniyat, ag`arti’wshi’li’q du’n`yasi’na shaqi’radi’, jaman a`detlerden, buzi’q islerden qaytaradi’, jaqsi’ quli’q ha`m a`dep sahi’bi’ qi’ladi’, allag`a muhabbat ha`m isenimizdi artti’radi’, haqti’n` azamat ha`m qu’diretin biledi.

Ata-babalari’mi’zdi’n` miyraslari’n u’yreniw dawami’nda biz bul miyrasta insanni’n` ka`milliginde ilimnin` roli ju’da` joqari’ ekenltgtn ko`rdik. Ilimnin` ha`r qanday mashqalalardi’ sheshiwde a`hmiyetli faktor ekenligi isenimli baen etilgen. Soni’n` ushi’nda o`tmishte balani’ ta`rbiyalawda ilimnin` ha`m oni’ u’yretiwshi ustazdi’n` roline joqari’ baha berilgen. Bul baha pedagogikali’q xi’zmette tiykarg`i’ talaplardan biri boli’p esaplanadi’. Sebebi, ilim bar jerde alg`a ilgerilew, jan`ali’qlarg`a ken` jol ashi’ladi’.

Ha`r bir ma`mlekettin` b:gingi ku’ndegi progressin belgilewde, usi’ ku’nge shekem basi’p o`tilgen jol, tariyxi’, turmi’s ha`m oylaw formasi’, u’rp-a`detlerine na`zer taslawi’mi’z kerek.

60-ji’llardan baslap rawajlang`an ma`mleketler AQSh, Frantsiya, Germaniya, Yaponiyada pedagogikali’q texnologiyani’n` iri oraylari’ sho`lkemlestirilgen ha`m olar o`z xi’zmetin ko`rsetip tur.

30-ji’llarg`a kelip «pedagogikali’q texnika» tu’sinigi arnawli’ a`debiyatlarda payda boldi’ ha`m ol oqi’w shi’ni’g`i’wlari’ni’n` ani’q ha`m na`tiyjeli sho`lkemlestirilgen usi’l ha`m qurallari’na ayti’ldi’. Soni’n` menen birge pedagogikali’q texnologiya oqi’w ha`m laboratoriyali’q :skenelerden paydalani’wdi’ toli’q biliw dep t:sinildi. 40-50 ji’llarda oqi’w protsessine texnikali’q qurallardi’ engiziw baslandi’. A`sirese, qadag`alaw qurallari’, kino ha`m radio, olardan paydalani’w metodikasi’ pedagogikali’q texnologiyag`a ten`lestirildi.

60-ji’llardi’n` ortalari’nda bul tu’sinik shet el pedagogikali’q islerinde ken` tu’rde talqi’landi’. 1964 ji’ldan Angliyada «Pedagogikali’q texnologiya ha`m programmalasti’ri’lg`an oqi’w», Yaponiyada bolsa 1965 ji’ldan baslap «Pedagogikali’q texnologiya» jurnallari’ basi’li’p shi’g`ari’ldi’. Pedagogikali’q texnologiya ma`selelerin arnawli’ u’yreniw ushi’n ilimiy ma`kemeler du’zildi. Mi’sal ushi’n aytatug`i’n bolsaq, Angliyada pedagogikali’q texxnologiya Milliy

Ken`esi du’zildi. Soni’n` menen birge «Pedagogikali’q texnologiya» jurnali’ shi’g`a basladi’. AQSh ti’n` bir neshe universitetlerinde, ilimiy Oraylari’nda pedagogikali’q texnologiya ma`selelerine u’lken itibar berilgen. 1971 ji’lda arnawli’ «Oqi’w Kommunikatsiyasi’ ha`m texnologiyasi’ni’n` Assotsiatsiyasi’» xi’zmet ko`rsete basladi’. Ha`zirgi ku’nde bul sho`lkemnin` barli’q shtatlarda ha`m Kanadada 50 den zi’yat punktleri islep tur.

Yaponiyada pedagogikali’q texnologiya mashqalalari’ menen to`rt ilimiy jamiyet shug`i’llanbaqta, aktiv ha`reketegi pedagogikali’q texnologiya Orayli’q Ken`esinin` 22 ma`mleketlik universitetlerinde oraylari’ bar. Ha`r u’sh ayda yapon tilinde shi’g`atug`i’n «Pedagogikali’q texnologiya» jurnali’ ha`m ji’li’na eki ma`rte inglis tilinde shi’g`atug`i’n «Pedagogikali’q texnologiya tarawi’ndag`i’ izertlewler» atli’ jurnallari’nda ali’mlardi’n` ilimiy isleri o`z orni’n tappaqta. Jaqi’nda uli’wma yapon pedagogikali’q texnologiya Orayi’ni’n` Ken`esi du’zilip, olar bul tarawda xali’qarali’q baylani’slar ornati’w menen ba`nt.

Didaktikani’n` bul tarawi’na itibar barg`an sayi’n asi’p bari’wi’n w0-ji’llarda o`tkerilgen bir neshe xali’qarali’q konferentsiyalardan ko`riwimizge boladi’. Sonday xali’q arali’q konferentsiyalar 1966 ji’ldan baslap ha`r ji’li’ ba`ha`rde Angliyada o`tkeriledi. Oni’n` materiallari’ «Pedagogikali’q texnologiya aspektleri» degen at penen shi’g`ari’ladi’.

Pedagogikali’q texnologiya eki bag`darda talqi’landi’ ha`m rawajlandi’:

1. Oqi’w protsessine texnikali’q qurallardi’ qollani’w.
2. Oqi’w texnologiyasi’ mashqalalari’nan baslap, pedagogikali’q texnologiyadan paydalani’w ma`selelerin o`z ishine aladi’.

Konferentsiya materiallari’nda jazi’lg`an a`hmiyetli da`lildi keltiriw ori’nli’: «eki tu’sinik –«pedagogika» ha`m «texnologiya» ni’ qosi’w logikali’q jaqtan tarti’si’wlarg`a sebepshi boldi’. Sebebi, «texnologiya» so`zinin` klassqa texnikani’ kirgiziliw ha`m «degumanizatsiya» ideyasi’ menen xarakterleniwi pedagoglardi’ gaplette qaldi’ri’w mu’mkin.

A`lbette, bul pikir ma`lim da`rejede duri’s, adam hesh qashan «temir» mashinag`a to`be bolmaydi’. Ba`lkim oni’ jarati’p oni’ aqi’lli’li’q penen

basqaradi’. Bul mashqalani’n` pedagogikali’q ta`repi ele jeterli da`rejede u’yrenilmegen.

70-ji’llarg`a kelip oqi’w texnikalari’ menen ta`lim si’pati’na erisiw mu’mkin emesligi belgili boldi’.

Bu’gingi ku’nge kelip O`zbekstan Respublikasi’nda kadrlar tayarlaw sistemasi’ tu’pten reforma etildi. Oqi’w-ta`rbiya protsessin aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalar menen ta`miyinlew «Kadrlar tayarlaw milliy bag`darlamasi’n» ju’zege shi’g`ari’w sha`rtlerinen biri boli’p tabi’ladi’. Sol sebepli pedagogikali’q fenomennin` payda boli’wi’na tariyxi’y jaqtan jantasami’z.

1977 ji’lda Budapeshtte o`tkerilgen «Oqi’ti’w texnologiyasi’ boyi’nsha xali’qarali’q seminarda» ta`limdi texnologiyalasti’ri’w protsessi menen baylani’sli’ faktorlar rus ali’mi’ S.Shapovalenko ta`repinen to`mendegishe belgilendi:

- texnikani’ biliw ha`m teren` iyelew,
- audiovizual fondi’ biliw ha`m tani’s boli’w,
- texnikali’q qurallardan paydalani’w metodikasn iyelew.

Biraq bul pikirdin` bir ta`replemeli ekenligi ko`zge taslanadi’. Mi’sal ushi’n Venger ali’mi’ L.Salam oqi’ti’w texnologiyasi’n ken`eytiwge uri’nadi’. Rejelestiriw, maqset analizi, oqi’w-ta`rbiya protsessin ilimiy tiykarda sho`lkemlestiriw, maqset ha`m mazmung`a sa`ykes keletug`i’n metodlar ha`m materaillardi’ tan`law tuwri’dan-tuwri’ pedagogikali’q texnololgiyani’ joybarlasti’ri’wdag`i’ oqi’ti’wshi’ni’nn` xi’zmetine ta`n o`zgeshelikler dep ta`riyplenedi. Bug`an jaqi’n pikirler menen J.Tseller degen ali’m o`zinin` pikirlerin bildirip o`tti. 70-ji’llarg`a kelip shet ellerde texnikani’n` rawajlani’wi’ ha`m oqi’ti’wdi’ komp`yuterlestiriwge baylani’sli’ pedagogikali’q texnologiyani’n` eki ta`repi aji’rati’p ko`rsetilgen halda izertlendi:

1. oqi’w protsessine texnikali’q qurallardi’ engiziw.
2. a`meliy ma`seleler sheshimin tabi’wda bilimler sistemasi’nan paydalani’w.

Mi’sal ushi’n Yaponiyada bul da`wirde ali’p bari’lg`an izertlewler oqi’w protsessin texnologiyalasti’ri’wdi’n` birinshi joli’ yag`ni’y ta`limnin` jan`a texnikali’q qurallari’n jarati’w ha`m oqi’w protsessine qollani’w menen

baylani’sli’ bolg`an. Bunday jag`day basqa bir qatar ma`mleketler ushi’n da xarakterli boli’p , pedagogikali’q texnologiyani’n` ekinshi bag`dari’- teoriyali’q-didaktikali’q ta`repleri 80-ji’llardi’n` basi’nda AQSh ha`m Angliyada izertlew ob`ektine aylandi’. Sebebi, «texnologiya» so`zi ken` ma`niste teolriyali’q bilimlerdi a`meliyat maqsetine ko`shiriw, bul protsesstin` ani’q jollari’n islep shi’g`i’w za`ru’rligi payda boldi’.

Sonday etip, 80-ji’llarda zamango`y pedagogikali’q texnologiyani’n` mazmuni’n aydi’nlasti’ri’wg`a bolg`an uri’ni’wlar ja`nede dawam etti.

Jan`a taraw 1977 ji’lda ashi’ldi’. «Kadrlar tayarlaw milliy bag`darlamasi’nda» aktual` izertlew ob`ektine aylandi’. Soni’n` menen birge bul ma`selege g`a`rezsizliktin` da`slepki ku’nlerinen baslap qol uri’ldi’. Bu’gingi ku’ni ma`mleketimizde pedagogikali’q texnologiya boyi’nsha ko`plegen ilimiy konferentsiyalar o`tkerilmekte. A`lbette, bul quwni’shli’ awhal.

1991 ji’l may ayi’nda Samarqand ma`mleketlik universitetinde o`tkerilgen «Joqari’ oqi’wdi’n` ha`zirgi aktual` mashqalalari’» joqari’ oqi’w ori’nlari’ arasi’ndag`i’ ilimiy-metodikali’q konferentsiyasi’ni’n` uli’wma ji’ynali’si’ndi’ «pedagogikali’q texnologiya kontseptual analiz» temasi’nda bayanat islendi. Bayanatta oqi’wdi’ texnologiyalasti’ri’w protsessi sotsialli’q buyi’rtpa ekenligi ayti’p o`tildi. Pedagogikali’q texnologiya jan`asha bag`darda talqi’n etildi.

Pedagogikali’q texnologiya ma`selelri boyi’nsha ali’mladi’n` pikirleri «Ma`rifat», «Uchitel` Uzbekistana» si’yaqli’ basi’li’mlarda turaqli’ tu’rde berilip barmaqta. (X.Abdukarimov, Fefelov, U.Nishonaliev h.b.)

Pedagogikali’q texnologiya baylani’sli’ wazi’ypalardi’ ani’qlawg`a ha`reket etemiz.

1. Ko`p basqi’shli’ bilimlendiriw sistemasi’nda pedagogikali’q texnologiyalardi’n` orni’n tiykarlaw ha`m za`r:rli usi’ni’slar islep shi’g`i’w.

2. Zamango`y islep shi’g`ari’w, meditsina, ekonomika, ekologiya si’yaqli’ taraw texnologiyalar menen pedagogikali’q texnologiyalardi’ turaqli’ tu’rde jan`alap bari’w ha`m differentsiyalasqan jantasi’w tiykari’nda olardi’ qollani’w kriteriyalari’n islep shi’g`i’w.

3. Perspektivali' oqi'ti'w qurallari'n jarati'w ha`m olarg`a su'yengen halda aldi'n`g`i' pedagogikali'q texnologiyalardi' joybarlasti'ri'w, a`meliyatqa engiziw, na`tiyjesin ani'qlaw.

4. Tiyisli wa`killik basqari'w organlari' ta`repinen oqi'w ma`kemeleri xi'zmetine jan`a pedagogikali'q texnologiyalardi' engiziw da`rejesin qadag`alaw ha`m bahalaw.

5. Respublikami'zdag`i' bilimlendiriw sistemasi'nda xi'zmet ko`rsetip ati'rg`an professor-oqi'ti'wshi'lardi' bilimin jetilistiriw ha`m qayta tayarlaw kurslari'nda aldi'n`g`a pedagogikali'q texnologiya, xabar texnologiyalari' si'yaqli' jan`a bilimler sistemasi' menen qurallandi'ri'wdi' u'zliksiz sho`lkemlestiriw.

6. Joqari' oqi'w ori'nlari' studentleri, a`sirese qa`nige – pedagoglar ushi'n 20-saat ko`leminde pedagogikali'q texnologiya teoriyasi' ha`m a`meliyati' boyi'nsha arnawli' kurs engiziw.

7. Respublikami'zda xi'zmet ko`rsetip ati'rg`an do`retiwshi mug`allimlerdin` ta`jiriybelerin turaqli' u'yrenip bari'w.

Aldi'n`g`i' pedagogikali'q texnologiyalardi' joybarlaw ha`m oni' turmi'sqa engiziw ma`selesi ma`mleketimizde de rawajlang`an ma`mleketler qatari'nda jan`a ka`rxana «Pedagogikali'q texnologiya Ma`mleketlik Orayi'»n du'ziwdi talap etedi. Eger sonday Oray sho`lkemlestirilse ju'da` jaqsi' bolar edi. u'shinshi mi'n` ji'lli'qta oqi'wshi'lari'mi'z Watang`a sadi'q, bilimge qi'zi'g`i'wshan`, insani'yli'q pazi'yletlerdi iyelegen adamlar boli'p jetilisiwi kerek.

Pedagogikali'q texnologiya ma`selesin a`melge asi'ri'wda shet ta`jiriybelerin u'yrenbesten bolmaydi'. Sebebi, olar bul tarawda birqansha islerdi ori'nlag`an. Juwmaqlap aytqanda jan`a pedagogikali'q texnologiya bul bilimlendiriwde jan`a bolmastan ol uzaq tariyxqa iye.

Sebebi, sonda pedagogikali'q texnologiya bixeviorizm ideyalari'na s:yenedi. Ga`rezsizlikke eriskennen son` ilimdi u'yreniwge ken` jol ashi'ldi'. Ha`zirde Internet tarmag`i' boyi'nsha du'n`ya ma`mleketlerinin` pedagogikali'q texnologiyalari'n u'yreniwge imka`niyatlar bar.

## 1.3.Baslawi’sh klasslarda jan`a pedagogikali’q texnologiya lardan paydalani’w imka`niyatlari’

Bunnan on ji’l buri’ng`i’ baslawi’sh ta`lim oqi’wshi’si’ menen ha`zirgi da`wir baslawi’sh ta`lim oqi’wshi’si’ni’n` arasi’nda u’lken parq bar. Bizin`she ha`zirgi da`wirde Kadrlar tayarlaw milliy bag`darlamasi’nda basli’wsh ta`limge ayi’ri’qsha itibardi’n` karati’li’wi’nda boli’p esaplanadi’.

Prezidentimiz I.A.Karimov O`zbekstan Respublikasi’ Oliy Ma`jilisinin` A`X sessiyasi’nda so`ylegen so`zinde: «Eski ta`limnin` en` jaman a`deti basli’wsh ta`limge ekinshi da`rejeli is dep qarag`ani’ndadur. Ashi’q aydi’n ayti’wi’mi’z mu’mkin bilimi to`men mug`allimlerde birinshi klassta sabaq beretug`i’n edi. Baslawi’sh ta`limge pa`s na`zer menen qarali’wi’ni’n` sebebi sol, buri’ng`i’ du’zimde barli’q pedagogikali’q texnikumlar ha`m bilim jurtlari’ sho`lkemlestirilip, olar tiykari’nan 1-4 klass oqi’ti’wshi’lari’n tayarlaytug`i’n edi.

Zamanago`y baslawi’sh ta`lim qanday boli’wi’ kerek? Bala 1-4 klasslarda qanday bilimlerge iye boli’wi’ kerek? Olardi’n` ta`rbiyasi’ qanday boli’wi’ kerek? Mine usi’ ma`selelerge juwap tabi’wi’mi’z kerek. Ja`ne bir soraw: balani’n` miyi, sanasi’ o`zine neni sin`dire aladi’, neni qabi’l ete aladi’? Kim bul ma`seleni ilimiy jaqtan izertlegen?

Balalari’mi’z qashannan baslap qanday etip, qanday usi’lda milliy qa`diriyatlari’mi’z, urp-a`detlerimizdi u’yretiwimiz, teren` aqlati’wi’mi’z kerek.

Ilim-pa`n aldi’na uzaq mu’ddetke mo`lsherlengen strategik wazi’ypalardi’ qoyg`an. «Kadrlar tayarlaw milliy bag`darlamasi’» ilimiy-metodikali’q, sotsial-ekonomikali’q, psixologiyali’q-pedagogikali’q, tariyxi’y filosofiyali’q mashqalalardi’ sheshiwdi belgilegen.

Baslawi’sh ta`lim sistemasi’nda:

-fundamental izertlewlerdi rawajlandi’ri’w,

-ilimiy-teoriyali’q izertlewlerdin` pa`nlerarali’q baylani’sli’li’g`i’n ta`miyinlew, sabaqli’qlar du’ziwde integratsiyalawg`a a`hmiyet beriw,

-u’zliksiz ta`lim sistemasi’nda ilimiy izertlewlerdi isenimli, ob`ektiv boli’wi’nda aldi’n`g`i’ pedagogikali’q, psixologiyali’q texnologiyalardi’ izlew tabi’w ha`m oni’ praktikag`a engiziw. «Kadrlar tayarlaw milliy bag`darlamasi’» talaplari’n ori’nlaw ushi’n jan`a modeller jarati’lmaqta. Milliy modeldin` komponentleri de islemekte. Bul komponentler ishinde aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalar ayi’ri’qshi’ ori’n tutadi’. Bilimlendiriwdin` mazmuni’ni’ ta`repinen ha`m sho`lkemlestiriw ta`repinen puxta boli’wi’ ma`mleketlik bilimlendiriw standartlari’na baylani’sli’ boladi’.

Birinshiden, baslawi’sh ta`lim klasslari’nda sabaq beriwshi mug`allimler aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalar haqqi’nda teoriyali’q -a`meliy tu’siniklerge iye boli’wi’ kerek.

Texnologiya-struktura, didaktikali’q maqset, yag`ni’y wazi’ypalardi’ belgilep ali’wdan baslap, bilimlendiriw protsessin bir p:tinlikke bag`darlawdi’ na`zerde tutadi’.

Bilimlendiriwdin` ma`mleketlik standartli’nda belgileniwinshe, bul protsess 1-2 klasslar arasi’ndag`i’ baylani’sti’ ta`miyinlew menen baylani’sli’ boli’p, oqi’wshi’ni’ u’zliksiz bilim sistemasi’ni’n` ekinshi basqi’shi’nda tabi’sli’ oqi’p :lgeriwi ushi’n maqset etedi ha`m og`aw erisiw jollari’n izleydi.

Mug`allim ma`mleket buyi’rtpasi’na say keletug`i’n ta`lim-ta`rbiya maqsetin ani’q ha`m da`l belgilewi na`tiyjesinde ma`lim waqi’i ishinde og`an erisetug`i’n didaktikali’q protsessti taba ali’wi’ kerek.

Mug`allim birinshiden, balalarda oqi’wg`a, u’yreniwge, do`retiwshilikke bolg`an tilegin oyata alsa, bular balani’n` salamat, erkin, kewilli o`siwine ja`rdem beredi. Balani’n` o`zbeinshe , kritikali’q pikirlew qa`biyletin o`siredi. Salamat bala, a`lbette, berilip ati’rg`an bilimdi qi’ynalmay o`zlestiriedi.

Bu’gingi ku’nde bilimlendiriw sistemasi’n duri’s bag`darlaw aktual` mashqala boli’p sanaladi’. Bul protsess balani’n` ruwxi’yati’ menen u’zliksiz baylani’sli’. Balani’n` seziw biliwi, mag`li’wmat ha`m ko`nlikpelerdi qabi’l etiwge imka`niyat jarati’w ushi’n og`an erkinlik beriw, oni’ oylawg`a, pikirin ja`mlep so`ylewge, ori’nlag`an jumi’si’ni’n` na`tiyjesin ko`rip quwani’wg`a, jan`a

jetiskenliklerge erisiwge jollaw boladi’. Bul protsesslerde balani’n` iqti’yarli’ di’qqati’n oraylasti’ri’w paydali’. Iqti’yari’y di’qqat miynet xi’zmetinde payda boladi’ ha`m ol qa`liplesip qunt ha`m shi’dam menen islew i’qti’yari’ ju’zege keledi.

Balada ha`r t:rli pazi’yletlerdi qa`liplestiriw ushi’n mug`allim a`meliy jantasi’w rejelerin du’ziw, bul rejede balani’ tapqi’rli’qqa, ziyreklikke umti’ldi’ri’wshi’ qurallardi’n` ja`mleniwi, oni’ duri’s qatnasi’q qi’li’wg`a, sabaq ha`m sabaqtan ti’s waqi’tlarda balalardi’ o`zbetinshe pikirlewge, kritikali’q, logikali’q oylawg`a :yretip bari’w lazi’m.

Balalardi’n` bilim ali’wg`a bolg`an muhabbati’n oyati’w ushi’n:

-go`nerip qalg`an usi’llar-:y tapsi’rmasi’ni’nn` ko`beyiwine jol qoymaw, oni’ normalasti’ri’w, bala ori’nlay alatug`i’n, oni’ jaqsi’ ko`retug`i’n tapsi’rmalardi’ beriw kerek.

-balalar ushi’n en` qi’zi’qli’ ha`reket bolg`an sayaxatlar o`tkeriw, ko`rgenlerin analiz etiw, o`tmishtegi ma`deniyati’mi’z ha`m tariyxi’mi’zg`a bolg`an itibardi’ ku’sheytiw.

-kitapsu’yiwshilikti turaqlasti’ri’w kerek,

-ekonomikali’q bilim beriw, insanni’n` materialli’q ha`m ruwxi’y za`r:rlikleri ha`m jamiyet talaplari’n qandi’ri’wg`a baylani’sli’ bilimlerdi ko`birek, a`meliy isler menen baylani’sti’ri’w, miynets:yiwshilik, xadalli’q, o`zinin` m:lki, ma`mleketttin` mu’lkin saqlaw, u’nemlewdi biliw, «Obal», «i’si’rap» so`zlerinin` ma`nisin an`lap jetiw,

-komp`yuter sawatxanli’g`i’i’nn` rejesin du’ziw,

-oqi’wshi’lardi’n` bilim, ko`nlikpe ha`m wqi’pli’li’lqlari’n ani’qlaytug`i’n testler du’ziw ha`m og`an oqi’wshi’lar itibari’n qarati’w,

-ha`r bir mug`allim klass oqi’wshi’lari’ni’n` imka`niyati’na qaray, aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalardli’ qollay biliwdi joybarlaw,

-mashqalali’ bilim metodi’n ken` tu’rde qollani’w.

Usi’ ori’nda biz mashqalali’ oqi’ti’w metodi’na toqtali’p ol tuwrali’ mag`li’wmatlar beremiz.

Da`st:riy ta`limnin` maqseti-ilimiy mag`li'wmatlardi' o`zlestiriw, oqi'wshi'lardi' bilimlerdin` tiykari' menen qurallarndi'ri'w, ko`nlikpe ha`m uqi'pli'li'qlardi' qa`liplestiriw.

Mashqalali' ta`limnin` maqseti bolsa, ilimiy bilimlerdi iyelew bolmastan, oqi'wshi'lardi' do`retiwshilik, logikali'q pikirlewge de :yretip baradi'. Bul arqali' bolsa oqi'wshi'lar o`zleri juwmaq shi'g`ari'wg`a, ken` pikir j:rgiziwge u'yrenedi.

Mashqalali' ta`lim protsessinde oqi'ti'wshi' oqi'wshi'larg`a tayar mag`li'wmattti' berip qalmastan, ba`lkim olardi' mashqalali' jag`dayg`a kelitirp qoyadi'.

Mashqalali' oqi'ti'w - bul oqi'w-biliw protsessi boli'p, mug`allim ta`repinen beriletug`i'n bilimlrdi mashqalali' jag`day jaratqan halda bayan etiw boli'p tabi'ladi'.

Baslawi'sh klasslarda oqi'ti'wshi' mashqalali' jag`day jaratar eken, tap mashqala sheshilgenshe oqi'wshi'lardi'n` pikirlerin qadalap baradi'.

Qoyi'lg`an ma`sele:

-oqi'wshi'lardi'n` jas ha`m bilim da`rejesine say tanlang`an boli'wi' kerek,

- ani'q maqsetke bag`darlang`an boli'wi' kerek,

- belgili sheshimge iye boli'w talap etiledi,

Ha`r mashqala belgili bir sistema arqali' o`z sheshimin tabadi':

- mashqalani'n` payda boli'wi',

-mashqalani'n` qoyi'li'wi' ha`m quramali'li'g`i'n ani'qlaw,

-gipoteza keltiriw,

- gipotezani' da`lillew,

- mashqalani'n` duri's sheshilgenin tekseriw.

Baslawi'sh klasslarda mashqalali' jag`daydardi' jaratqanda balada pikirlew sharshag`anda oqi'ti'wshi' oqi'w oyi'n metodi'nan paydalani'w mu'mkin.

Oyi'n- o`zbetinshe xi'zmet boli'p, oqi'wshi'lar o`z ten`lesleri menen ten` qatnasta boladi'. Oyi'nda oqi'wshi' o`zin ja`miyet ag`zasi' si'pati'nda tani'p, o`zinin` ha`m joldaslari'ni'n` ha`reketlerin bahalaydi'.

Aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalardi’ ta`lim sistemasi’na engiziw – da`wir talabi’. Biraq bul da`st:riy ta`lim metodlari’nan pu’tkilley uaz keshiw degen emes. Ba`lkim pedagogikali’q texnologiya elementlerin a`ste-a`ste oqi’w xi’zmetine engiziw boli’p tabi’ladi’.

Jan`a a`sir oqi’ti’wshi’-pedagogi’ ta`lim-ta`rbiya protsessine bolg`an jan`asha qaraslari’n qa`liplestiriw ushi’n to`mendegi qa`biyletlerge iye boli’wi’ kerek.

Birinshiden, ol o`z xi’zmetinde qa`biyletli, zanago`y, ilimiy ha`m ma`deniy progresstin` ma`nisin teren` t:sine biliwi kerek.

Ekinshiden, EEM ha`m basqa oqi’ti’w texnikali’q qurallari’nan oqi’w protsessinde paydalana ali’wi’,

u’shinshiden, milliy ideologiya ha`m bu’gingi ekonomikali’q reformalardi’n` mazmuni’n toli’q tu’sinip jetken boli’wi’ kerek.

Eger oqi’ti’wshi’ joqari’dag`i’ talaplarg`a juwap bere almasa, sabaqli’qlari’mi’z, oqi’wdi’n` mazmuni’ qanshelli pisik ha`m aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnorlogiyalar teoriyali’q ha`m a`meliy ichlep shi’g`i’lmasi’n, eski qa`lipten shi’qpay sabaq o`tilse, tabi’sqa erisip bolmaydi’.

A`sirese, oqi’w protsessinde aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyani’n` «Klaster», «Zigzag», «Venna diagrammasi», «Aqi’li’y xu’jim», «Kishkene toparlarda islew» strategiyalari’nan paydalani’lg`anda oqi’wshi’lar oqi’ti’wshi’ menen birge ten` xi’zmet ko`rsetedi. Eger oqi’wshi’ o`z-o`zin oqi’tsa, bala-balani’ jeke ta`rtipke u’yretse, oqi’w materiali’ni’n` 90% protsenti o`zlestiriledi.

Joqari’da ayti’p o`tken pedagogikali’q texnologiya elementlerin qolani’wdan aldi’n, mug`allimler olar haqqi’nda teoriyali’q mag`li’wmatlarg`a iye boli’wi’ kerek. Buni’n` ushi’n aldi’n`g`i’ mug`allimlerimizdin` is-ta`jiriybelerin respublikali’q gazeta, jurnallarda basi’p shi’g`ari’p, ken` en jaydi’ri’w lazi’m.

Juwmaqlap aytqanda, ha`zirgi ku’nde aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyani’ a`melde qollaw ushi’n baslawi’sh klasslarda islep ati’rg`an ha`r bir pedagog-oqi’ti’wshi’ arnawli’ seminarlardan o`tkeriliwi kerek. Tayarlang`an sabaqli’qlar aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalar talaplari’na say tu’rde qayta ko`rip shi’g`i’w mu’mkin. Baslawi’sh klasslarda aldi’n`g`i’ pedagogikali’q

texnologiyalar boyi’nsha oqi’w a`debiyatlari’n ko`beytiwge itibar qarati’lsa, bar bolg`an mashqalalardi’ sheshiw a`hmiyetli faktorlardan biri boli’wi’ mu’mkin.

Ha`r bir mektepte materialli’q bazani’ jarati’w lazi’m. Oqi’wda jan`a pedagogikali’q texnologiyani’ toli’q engiziw ushi’n barli’q oqi’ti’wshi’lar komp`yuterde islew texnologiyasi’n jetilistiriw kerek. Ha`r bir oqi’ti’wshi’ bilimin jetilistiriw kurslari’nan o`tiwi maqsetke muwapi’q.

Aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiya na`tiyjelerinin` monitoringini o`tkerip, turaqli’ tu’rde jan`ali’qlardi’n` tabi’sli’ engiziliwine ta`sir ko`rsetiwi mu’mkin.

**Oqitiw metodlari ha’m qurallari. Olarg’a qoyilatug’in talaplar**

Oqitiw protsessi og’ada quramali protsess. Oqitiwda oqiwshilarg’a belgili talaplar qoyiladi, al oqiwilardin` olardi orinlaw mu`mkinshilikleri shekli. Talaplar ha’m mu`mkinshilikler arasindag’i qarama-qarsiliqlar oqitiw protsessin ha’rketke keltiriwshi ku`sh bolip esaplanadi. Bul qarama-qarsiliq, eger oqiwshilarg’a qoyilatug’in talaplar olardin` mu`mkinshiligine juwap berse oqitiw barisinin` rawajlaniwina, al kerisinshe qoyilg’an talaplar ju`da’ qiyin yamasa ju`da’ jen`il bolsa oqitiw ku`tken na’tiyjesin bermeydi. Oqiwshilardin` oqiw mu`mkinshiliklerin esapqa aliw, jaqin uzaqtag’i perspektivani ko`re aliw mug’allimnin` ha’m ped. Kollektivtin` bas waziypasi.

Qubilislar ha’m protsessler arasinda ob`ektiiv jasawshi,olardin` rawajlaniwin ta’miyinlewshi, turaqli, qaytalanip turiwshi za’ru`rli ha’m tiykarg’i baylanislar filosofiyada nizamliqlar dep ataladi.

Ta’lim-ta’rbiya pedagogikanin` predmeti bola otirip barliq sotsialliq protsessler menen tig’iz baylanista bolip bariladi. Ol o`ndiris ku`shlerinin` da’rejesinen, ja’miyette adamlardin` qanday turmis keshiriwi ha’m olardin` jan`a talaplarinan, ja’miyettin` siyasati ha’m ideologiyasinan ba’rha’ g’a’rezli boladi.

*Oqitiw metodlari, qurallari ha’m olarg’a qoyilatug’in talaplar.*

1. Mug’allimnin` bilimlerin oqiwshilarg’a jetkeriw maqsetindegi onin` oy pikiri is ha’reketinin` o`tken joli.

2. Oqitiw metodlari-oqiw protsessin sho`lkemlestiriwdin` tiykarg’i nizamliliqlari

3. Oqitiw metodlari-biliw iskerligin sho`lkemlestiriw jolin ko`rsetetug'in logikaliq kategoriya.

4. Oqiw (ta'lim) maqsetinde jetiwge bag'darlang'an mug'allim menen oqiwshinin` ta'rtiplestirilgen birge islesiwi.

5. Oqitiw metodlari-mug'allim menen oqiwshinin` birge islesiw joli.

**Oqitiw metodlari klassifikatsiyalari.**

| a'meliy | Ko`rgizbeli | Kitap penen islesiw | Video metod |
|---|---|---|---|
| Ta'jiriybe shinig'iwlar oqiw o`ndirislik miynet. | Illyustratsiya demonstratsiya oqiwshilardin` baqlawlari | Oqiw u`yreniw referirovanie (qisqasha bayanat doklad jaziw) ko`z benen oqip ko`rip shig'iw. Tsitata aliw, bayanlaw, joba du`ziw, konspekt jaziw | Ko`rip shig'iw, u`yreniw «Elektron mug'allim» tekseriwi ja'rdeminde shinig'iwlar islew. Tekseriw. O`zin-o`zi tekseriw. |

2. Oqitiw metodlari (maqset waziypalari boyinsha)

(M.A. Danilov, B.P.Egipov)

- Bilimlerdi iyelew metodlari
- Uqip-qa'bilet ko`nlikpeler qa'liplestiriw
- Bilimlerdi qollaniw
- Do`retiwshilik (o`z betinshe) islew
- Bekkemlew
- Bilim, uqip, ko`nlikpelerdi tekseriw.

**3. Biliw, ta’lim aliw iskerligi (ha’reketi) tipi boyinsha.**

(I.Ya. Larper, M.N. Skatkin)

- Tu`sindirmeli-ko`rsetpeli
- Reproduktiv-(su`wretler (poligrafiyaliq yamasa foto)
- Mashqalali bayanlaw
- Az-azdan izleniw (chastichno-poshkoviy)
- Izertlewshi izleniw, u`yreniw.

**4. Didaktikaliq maseti boyinsha (G.I.Shukina, I.T. Ogorodnikov)**

- Oqiw materiallarin da’slepki o`zlestiriwdi ta’miyinlewshi O.I.
- O`zlestirilgen materiallardi (bilimdi) bekkemlew ha’m rawajlandiriwdi ta’miyinlewshi oqitiw metodlari.

M.I. Maxmudov klassifikatsiyasi.

| 5. Oqitiw (sabaq beriw metodlari) | Bilim aliw metodlari |
|---|---|
| Informatsiya (bilim) jetkeriwshi tu`sindirmeli<br>A`meliy--ko`rsetpe (instruktat) beriwshi.<br>Tu`sindirip-qiziqtiriwshi, inta oyatiwshi, qiziqtiriwshi | Orinlawshi<br>Reproduktiv<br>Na’tiyjeli-a’meliy az-azdan izlenip u`yreniw.<br>Izleniw, izertlew |

6. Oqiwda birge islesiw formalari boyinsha oqitiw metodlari (L.Klinberg nemets didakti)

Birge islesiw formalari boyinsha to`mendegi toparlarg’a bo`ledi`

| Monologik metodlar | Birge islesiw formalari | Diologik metodlar |
|---|---|---|
| Lektsiya<br>Gu`rrin`<br>Demonstratsiya | Jeke islesiw<br>Toparliq islesiw<br>Frontal` islesiw<br>Ja’ma’a’tlik islesiw | Sa’wbetlesiw |

7. Yu.K. Babanskiy oqitiw metodlarin u`lken e toparg’a bo`ledi.

1. Oqiw-biliw iskerligin sho`lkemlestiriw ha’m atqariw metodlari

| | | | |
|---|---|---|---|
| Awizeki ko`rsetpeli a’meliy oqitiw metodlari | Induktiv ha’m deduktiv oqitiw metodlari | Reproduktiv ha’m problemali izleniwshilik oqitiw metodlari | o`z betinshe ha’m mug’allim basshilig’inda orinlanatug’in jumislar |
| Istochnikler ja’rdeminde | Logika ja’rdesinde | Oylaniw ja’rdeminde | Basqariw ja’rdeminde |

2. Inta-qizig’iwshiliq (stimul-motiv) oyatiwshi oqitiw metodlari

| | |
|---|---|
| Ta’lim aliwg’a qizig’iwshiliq oyatiwshi oqitiw metodlari | Ta’lim aliwg’a minnet, juwapkershilik sezimlerin payda etiwshi |

3. Oqiw jumislari na’tiyjeligin tekseriw ha’m o`zin-o`zi tekseriw

| | | |
|---|---|---|
| Awizeki ha’m o`zin-o`zi tekseriw | Jazba ha’m o`zin-o`zi tekseriw | Laboratoriyali-a’meliy ha’m o`zin-o`zi tekseriw |

Oqitiw metodlari ta’lim-ta’rbiya protsessinde` bilim beriw, rawajlandiriw, ta’rbiyalawshiliq, qizig’iwshiliq oyatiw, tekseriw, qa’te kemshiliklerdi du`zetiw xizmetlerin, funktsiyalarin atqaradi.

*Oqitiw metodlarin tan`law*

Bul jumisti erkin, a’ytewir, tek islewge bolmaydi. №a’niyge emes, sirttan qarag’an adamg’a g’ana mug’allimnin` anaw yaki minaw metodti tan`law maqsetke jetiw menen tig’iz baylanisli mug’llimnen ka’siplik bilim, uqip ha’m sheberlikti talap etetug’in og’ada qiyin, quramali ha’m juwapkershilikli waziypa. Ha’r bir metodti tan`lay otirip mug’allim bir neshshe baylanisli ha’m g’a’rezli jay-jag’day ha’m sharayatlardi esapqa aliwi tiyis.

En` birinshi ret sabaqtin` ol bas maqset ha'm konkret waziypalarin esapqa aladi. Al bul o`z gezeginde mug'allimge qaysi topardag'i metodlar menen islesiwdi ko`rsetedi. Son` mug'allim usi topardag'i metodlardin` qaysisi bilim beriw a'm funktsiyalardi jaqsi atqara alatug'inin esapqa alip metodlardi tan`lawdi iske asiradi. Ha'zirgi waqitta metodlardi tan`lawdin` to`mendegi alti sha'rtin esapqa aliw usinis etiledi.

1. Oqitiw nizamliqlari ha'm printsipleri talaplarin esapqa aliw.

2. Aniq pa'nnin` (limnin`) ha'm predmettin`, temanin` mazmun ha'm metodlarin kelip shiqqan halda tan`law.

3. Oqitiwdin` maqset ha'm waziypasin esapqa aliw.

4. Oqiwshilardin` oqiw, bilim aliw mu`mkinshiliklerin (jas tayarliq da'rejesi, klass kollektivtin` ayirmashilig'i) esapqa aliw.

5. Sirtqi sharayatlardin` (geografiyaliq, o`ndiris, ortaliq) esapqa aliniwi.

6. Mug'allimnin` o`z mu`mkinshiliklerin (ta'jiriybe, tayarliq da'rejesin, oqitiwda usinday (tipik) situatsiyalardi biliwi) esapqa aliwi.

Metodti tan`law og'ada quramali is. Metodlar ko`p, olarditan`law joli ha'm sharayatlarida og'ada barshiliq. Bulardan tisqari oqitiw protsessine ta'sir etiwshi tosatiy jag'daylarda ushirasip turadi. Bul tosinlaniliqtin` aldin aliw qiyin. Sol sebepli mug'allim oqitiw protsessinde metolar toparinan (rezerv) kerek bolip qaliw mu`mkin, oqitiw metodlarinda qolaylastirip qoyadi ha'm retinde paydalana beredi.

**Oqitiw qurallari**.

Oqiw bag'darlamasi ma'mleketlik hu`jjet bolip onda oqiwshi talaba uliwma bilim aliwshilarg'a ma'mleketlik standartlar ko`leminde aliwi kerek bilim mazmuni sa'wlelenedi, ko`rsetiledi. Oqiw bag'darlamasinda pa'n boyinsha oqiwshilar oqitiwdin` belgili basqishinja (I-IX-klasslar) aliwi kerek bilimlerge qoyilatug'in ma'mleketlik talaplar ha'm sol bilimlerdin` qisqasha mazuni, oqitiliwi kerek saattin` ko`lemi beriledi. Bag'darlamada pa'nnin` uliwma mazmuni baplarg'a, paragraflarg'a, temalarg'a bo`linip ko`rsetiledi. Xa'zirgi waqitlari oqiw bag'darlamasinda mug'allimlerge qolayli boliwi ushin ilimiy-a'meliy u`yrenilgen

oqiw-tematikaliq joba qosa islep shig'iladi. Bul oqiw-tematikaliq jobada pa'nnin` ha'r bir bai ha'm temalarina tiyisli teoriyaliq ha'm a'meliy sabaqlar, qosimsha sabaqlar, balalardin` o`zleri islewi kerek o`z betinshe jumislardin` saatlari aniq belgilengen boladi.

- oqiw bag'darlamasi ma'mleketlik standartlarda ko`rsetilgen bilimler mazmunin sa'wlelendiriw sha'rt
- oqiw bag'darlamasi oqitiwdin` barliq printsipleri talaplarin esapqa alg'an halda du`ziledi.

Usilar menen birge ha'r bir temag'a tysli a'debiyatlar ha'm qosimsha a'debiyatlar oqiw bag'daralamasinda beriliwi tiyis.

Oqitiw protsessi joqarida aytilg'anday, og'ada quramali, oqitiwshi ha'm oqiwshinin` bilim beriw ha'm bilim aliw na'tiyjeligine erisiw ushin oqitiw metodlari ha'm oqitiw qurallarinan ken` paydalaniwdi talap etedi. Oqitiw protsessinde a'meliy, ko`rsetpeli ta'jiriybe jumislarin o`tkeriw ha'm optimal paydalaniw maqsetinde qosimsha oqiw materiallari dep atalatug'in sizilma, sxema, , tablitsa, diagramma, slayd h.t.b. di qollaniw ushin ha'r qiyli texnikaliq qurallar paydalaniladi. Olar` diaskop, diaproektor, kadaskop, kino apparaturalar, radio, magnitafon, televizor, lingofon kabinetleri ushin u`skeneler, mul`timedia, videokameralar, komp`yuter h.t.b. lar. Olardin` ha'r qaysisi oqiw protsessinde o`zinin` tiykarg'i maqsetine baylanisli bul protsesske qatnasiwshilar ta'repinen orinli jerlerinde ken`nene paydalanilip oqitiwdin` optimallilig'ina erisiw ushin jaqinnan ja'rdem beredi. Oqiw orinlarinin` ba'rinde bul texnikaliq qurallar menen tanisiw ha'm olardan paydalaniw arnawli oqiw bag'darlamalari tiykarinda oqiwshi ha'm talabalarg'a oqitiladi.

Ayta ketetug'in na'rse oqitiwdin` texnikaliq qurallarinin` ba'ri de o`z mu`mkinshiligine baylanisli sabaqtin` maqset ha'm waziypalarinan kelip shiqqan halda paydalanila beretug'ini menen oqitiwda joqari na'tiyjelikke erisiw ushin jaqsi xizmet ete aladi. Degen menen keyingi waqitlari zamanago`y ha'm universal` texnikaliq oqitiw qurallari bolip esaplanatug'in komp`yuter oqiw orinlarina ken` kirip keldi. Sebebi, ha'zirgi zaman komp`yuterlerinin`

mu`mkinshilikleri og’ada ko`p. Olar o`z gezeginde jaziw, siziw, oqiw, esitiw, programmalastiriw, esaplaw h.t.b. ko`plegen oqitiw protsessinde qollanilatug’in operatsiyalardi paydali, qolayli, ha’m tez orinlay aladi. Komp`yuterler son`g’i waqitlari oqitiw protsessine oqiw qurali retinde de paydalanilip atir. Oqitiw protsessinde olar o`zinin` elektron oqiwliq araliqtan oqitiw, mul`timedia, xabar almasiw, baylanis, h.t.b. qural retinde de qolaylilig’i menen zamanago`y texnikaliq quralg’a aylandi. Olardan baylanis, xabar ha’m esaplaw texnikasi retinde paydalaniw oqiw orinlarinda arnawli oqitiladi.

# II-BAP. Baslawi'sh klasslardi'n` sabaq protsessinde jan`a pedagogikali'q texnologiya elementlerinen paydalani'wdi'n` forma ha`m metodlari'

## 2.1. Sabaq protsessinde jan`a pedagogikali'q texnologiya elementlerinen paydalani'w sabaq na`tiyjeliligin asi'ri'wdi'n` faktori'

Du'n`yadag`i' rawajlang`an ma`mleketler erisip ati'rg`an jetiskenliklerge, ma`mlekette bilimlendiriw sistemasi' duri's jolg`a qoyi'lg`ani', bilimlendiriw sistemasi'nda aldi'n`g`i' pedagogikali'q texnologiyani'n` tuwri' jolg`a qoyi'lg`ani' sebepshi boli'p esaplanadi'.

Ma`mleketimizdin` ga`rezsizlikke eriskeninen son`, ma`mleket siyasati'ni'n` bas bag`dari'na aylandi'. «Bilimlendiriw haqqi'ndag`i'» Ni'zam tiykari'nda «Kadrlar tayarlaw milliy bag`darlamasi'» ni'n` qabi'l etiliwi bilimlendiriw sistemasi'n tu'pten o`zgertiwdin` a`hmiyetli h:jjeti boli'p tabi'ladi'. Bag`darlamani'n` negizinde teoriyali'q-metodologiyali'q kontseptsiya jatadi'. Soni'n` ushi'n oni' u'yreniw ha`m a`melge asi'ri'w bi'layi'nsha protsess emes. «Milliy bag`darlama» o`zine ta`n jan`asha jantasi'w, jan`asha metodikani' ha`m ka`sip sheberligin talap etedi. «Kadrlar tayarlaw milliy bag`darlamasi'-bul jan`a pedagogikali'q texnologiyani'n` o`zi. Bul boyi'nsha do`retiwshi mug`allim pedagogikali'q texnologiyani' aji'rata ali'wi' kerek.

Ta`lim-ta`rbiya protsessinde ta`rbiyashi' ha`m mug`allimlerimiz pedagogikali'q texnologiyalar boyi'nsha izleniwlerge kirisken desek boladi'. Duri'si', «Pedagogikali'q texnika» ha`m «pedagogikali'q texnologiya» tu'sinikleri paydalani'wg`a aldi'nnan kirip kelgen. Soni'n` ishinde jadidshiliktin` o`zinen de pedagogikali'q texnologiyani' ko`riwimizge boladi'. Biraq ideologiyali'q d:zim oni'n` tarqalawi'na jol qoymadi'. Bu'gingi ta`rbiyashi' ha`m oqi'ti'wshi'lari'mi'zdi'n` arasi'nda elege shekem ekileniwler bar. Buni'n` sebebi, bir g`ana izleniwshen`lik ha`m du'retiwshiliktin` jetispewshiligi.

Pedagogikali'q texnologiya haqqi'nda so`z ju'ritkende «jan`a», «Jan`alang`an» so`zlerin qosi'p pikirimizdi ta`riplemekshimiz. Sebebi, bir

waqi’tlar jan`a dep esaplang`an pedagogikali’q texnologiyalar  b:gingi ku’nge kelip eskirgen boli’wi’ mu’mkin.

Jan`alang`an ta`lim-ta`rbiya  mazmuni’ o`z-o`zinen jan`alang`an usi’llardi’, metodlardi’, uli’wma alg`anda oqi’ti’wdi’n` aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalari’n talap etpekte.

Bu’gingi ku’nnin`  oqi’wshi’si’ erkin, o`zbetinshe, watans:yiwshi, bilimli etip  ka`malga eristiriw  biz pedagolarg`a baylani’sli’. Duri’s jolg`a qoyi’lg`an ta`lim-ta`rbiya mazmuni’ oqi’wg`a an`li’ m:na`sebetti, insani’y kamalatti’, jeke adamni’n` a`dep-ikramli’li’q rawajalani’wi’ni’n` faktori’ boli’p esaplanadi’.

Baslawi’sh klasslardi’n` sabaq protsesslerinde jan`asha usi’llardi’ qollani’w, aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalardan paydalani’w oqi’wshi’lardi’n` oqi’wg`a bolg`an qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’n ja`nede artti’radi’. Sabaqqa  duri’s  metoddi’ tan`law menen temag`a do`retiwshiilk penen jantasi’w a`lbette o`zinin` na`tiyjesin beredi. Bizin` maqsetimiz  o`zinin` pikirine iye bilimli oqi’wshi’ni’  kamalg`a keltiriw. Soni’n` ushi’n sabaqtag`i’ metod ha`m usi’llardi’ jan`alawi’mi’z kerek. Olar ja`rdeminde  oqi’wshi’lar  o`zinin` pikirlerin erkin, o`zbetinshe ta`riplew, o`zine bolg`an isenimdi  artti’ri’w imka`niyatlari’na iye boladi’.

Aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalardan biri «Aqi’li’y xu’jim» metodi’ boli’p esaplanadi’. Sabaq protsessinde bul metoddan maqsetli paydalani’w do`retiwshi, standart emes  oylawdi’ rawajlandi’ri’w kepili boli’p esaplanadi’. «Aqi’li’y hu’jim» di  sho`lkemlestiriw biraz a`piwayi’ boli’p, onnan ta`lim mazmuni’n  o`zgertiw protsessinde paydalani’w mu’mkin.

Da`slep oqi’wshi’lar toparlarg`a bo`linedi ha`m olar aldi’na bir mashqala yamasa sawal qoyi’ladi’. Oni’n` juwabi’ tuwrali’ topar qatnasi’wshi’lari’ o`zinin` pikirlerin bildiredi. Ayti’lg`an barli’q pikirler jazi’w taxtasi’na  belgilep bari’ladi’, bul jerde «sen naduri’s aytti’n`», «Bul qa`te» degen pikirler oqi’ti’wshi’ ta`repinen ayti’lmaydi’. Toplang`an pikirlerdin` duri’s yamasa naduri’s ekenligin oqi’wshi’ sabaq dawami’nda berilgen sabaqli’qtag`i’ temadan bilip aladi’. «Aqi’li’y xu’jim» metodi’ni’n` wazi’ypasi’ qi’yi’n jag`daylardan  quti’li’w

sharalari’n  tabi’wg`a ha`m ken` tu’rde pikirlewge oylawg`a imka`n beredi. En` tiykarg`i’si’, sabaq protsessinde do`retiwishilk boladi’.

Mug`allimlerdin` is-ta`jiriybesinde ko`pg`ana sabaq tu’rleri o`zinin` ko`rinin tabadi’. Solardan biri basqi’shpa-basqi’sh sabaq protsessin sho`lkemlestiriw. Bul basqi’shlar to`mendegiler:

9 sho`lkemlestiriwshi isler

9shaqi’ri’w basqi’shi’

9an`law basqi’shi’

9 pikirlew basqi’shi’

9sabaqti’ juwmaqlaw

Bunday sho`lkemlestirilgen sabaqlarda oqi’ti’wshi’ ko`pg`ana maqsetlerge erise aladi’. Basqi’shpa-basqi’sh sabaq o`tiw protsessi ken` tu’rde islew, pikirlew, bilimlerdi toli’q iyelew imka`niyati’n beredi.

I-basqi’sh. Sho`lkemlestiriw isleri.

Bul basqi’shta oqi’ti’wshi’ klassti’n` sabaqqqa tayarli’g`i’n tekserip, oqi’wshi’lardi’ barlaydi’.

II-basqi’sh-Shaqi’ri’w basqi’shi’.

Bul basqi’shta oqi’wshi’lar xi’zmetinin` ha`r t:rli usi’llari’ a`melge asi’ri’ladi’. Birinshiden, oqi’wshi’lar bul basqi’shta o`zlerinin` bir jan`a tema bag`dari’ndag`i’ da`slepki bilimlerin ko`rsetedi ha`m bul protsess oqi’wshi’ o`z bilimlerin analiz etiwge, jan`a tema boyi’nsha pikir j:rgiziwge o`tedi.

Ekinshiden, oqi’wshi’lar aktivligi, sabaqqa bolg`an qi’zi’g`i’wi’ sabaq basi’nda aq o`z na`tiyjesin beredi.

U’shinshiden, jan`a tema boyi’nsha oqi’wshi’lar bar imka`niyatlari’n iske saladi’ ha`m tema boyi’nsha o`zinin` bilimlerin ani’qlaydi’. Shaqi’ri’w basqi’shi’nda oqi’ti’wshi’ni’n` maqseti oqi’wshi’ni’n` sabaqqa qi’zi’g`i’wi’ni’n` arti’wi’ boli’p tabi’ladi’.

III-basqi’sh-An`law basqi’shi’.

Oqi’wshi’lar shaqi’ri’w basqi’shi’nda o`zlerinin` tema boyi’nsha da`slepki bilimlerin ko`rsetse, bul basqi’shta bolsa jan`a biliw ha`m mag`li’wmatlar aladi’.

Mug`allim-oqi’wshi’lar tema boyi’nsha bilimge iye ekenligin ani’qlap, sog`an qaray jan`ali’q beriwi tiyis. Bul maqsetke erisiw an`law basqi’shi’nda a`melge asadi’. Bul basqi’shta jan`a tema boyi’nsha tekst islew, ko`rgizbelerden paydalani’w, testler tarqati’w si’yaqli’ usi’llardan paydalani’w mu’mkin.

An`law basqi’shi’ni’n` maqseti oqi’wshi’lar aktivligin asi’ri’w, jan`a temag`a qi’zi’g`i’wshi’li’qti’ asi’ri’w, oqi’wshi’lar o`zbetinshe pikirlep, o`z tu’siniklerin ani’q bayan etip beriwden ibarat.

IY-basqi’sh-Pikirlew basqi’shi’.

Pikirlew basqi’shi’nda oqi’wshi’lar jan`a bilim ha`m ko`nlikpelerdi bekkemleydi, o`zinin` tu’siniklerin, pikirlerin bayan etedi. Iyelegen bilimlerin a`melde qollap, oqi’wshi’lar bir-biri menen pikir almasadi’. Disputlar sho`lkemlestiriw oqi’wshi’lardi’n` bilimlerin ja`nede asi’radi’.

Y-basqi’sh-Sabaqti’ juwmaqlaw.

Ha`r bir sabaq oqi’ti’wshi’ni’n` juwmag`i’ menen ayaqlanadi’.Sabaqta aktiv qatnasqan oqi’wshi’lar xoshametlenedi ha`m bahalanadi’. :yge tapsi’rma beriledi.

Pedagogikali’q texnologiya o`zinin` pedagogika ha`m basqa pa`nler jetiskenlikleri menen baylani’sli’ jeke teoriyag`a iye. Ol birinshi gezekte oqi’w-ta`rbiyali’q protsessti ilimiy tiykarda quri’wg`a negizlengen. Oqi’ti’wdi’n` xabar qurallari’nan ha`m didaktikali’q materiallardan aktiv metodlardan paydalani’wg`a tiykarlangan oqi’ti’wshi’ ha`mm oqi’wshi’lardi’n` birgeliktegi xi’zmetine sharayat jaratadi’.

Bilimlendiriwde a`hmiyetli ori’n tutatug`i’n baslawi’sh ta`limnin` tiykarg`i’ wazi’ypalari’ oqi’wshi’lardi’n` jaqsi’ sawat ali’wi’n ta`miynlew, da`slepki bilimlerdi iyelew boyi’nsha m:ta`jliklerin qandi’ri’w boladi’. Olarda a`dep-ikrmalli’q ha`m miynet etiw pazi’yletlerin, a`tirapqa sanali’ mu’na`sebetti qa`liplestiriw sanaladi’. Baslawi’sh klass oqi’wshi’lari’ni’n` bilim iyelewlerin aktivlestiretug`i’n a`hmiyetli faktorlardan biri-modulli oqi’ti’w texnologiyasi’ boli’p tabi’ladi’.

Modulli ta`limnin` tiykarg`i' ma`nisi, oqi'wshi'lar modul bag`darlamasi' u'stinde o`zbetinshe islep, ilim ali'wda belgilengen maqsette erisedi.

Modul bag`darlamalari' ta`lim-ta`rbiyali'q temani'n` maqsetin sabaq dawami'nda o`z betinshe ori'nlaytug`i'n tiykarda sa`wlelendiretug`i'n ko`rsetpeler kompleksi boli'p tabi'ladi'.

Modul bag`darlamalari'-sabaq teksti yamasa oqi'ti'wshi'lar ta`repinen oqi'w materiali'n rejelestiriw emes, ba`lkim oqi'wshi'lardi'n` soltemani' o`zbetinshe ha`m do`retiwshilik penen u'yreniwi boyi'nsha bag`darlama boli'p tabi'ladi'. Modul bag`daralmalari' oqi'ti'wshi'lar ta`repinen du'zilip, onda moduldi'n` uli'wma didaktikali'q maqseti, temani' u'yreniw basqi'shlari', oqi'wshi'lar ta`repinen ori'nlanatug`i'n oqi'w xi'zmeti elementleri, olardi'n` bilimin qadag`alaw jollari' izbe-iz bayan etiledi.

Mug`allim modul bag`darlamalari'n du'ziwde ha`m onnan oqi'w protsessinde paydalani'wda to`mendegilerge itibar beriwi kerek:

1.Oqi'w materiali'n tan`law.Oqi'wshi'larg`a o`zbetinshe o`zlestiriw ushi'n usi'ni's etiletug`i'n oqi'w materiali'n tani'w ha`m olar ori'nlay alatug`i'n boli'wi' kerek.

2. Waqi'tti' tejew. Oqi'wshi'lar oqi'w materiali'n bag`darlamada belgilengen waqi't shegerasi'nda iyelep ali'wi' ushi'n kerek.

3. Oqi'wshi'larda o`zbetinshe ha`m do`retiwshilik penen islew ko`nlikpelerin payda etiw. Mug`allim oqi'wshi'lardi' modul bag`darlamalar menen islespesten aldi'n olarda sabaqli'q ha`m basqada derekler menen islesiw ko`nlikpesin ani'qlaw kerek.

Bunda oqi'ti'wshi' sabaqta u'yreniliwi kerek bolg`an oqi'w materiali'n eki bo`lekke aji'ratadi'. Birinshi bo`legi oqi'ti'wshi' basshi'li'g`i'nda oqi'wshi'lar do`retiwshilik ha`m o`zbetinshe o`zlestiredi, ekinshi bo`legin o`zbetinshe ori'nlaydi'.

4. Oqi'wshi'lardi'n` bilimin qadag`alaw. Oqi'ti'wshi' modul bag`darlamalari' qollani'latug`i'n sabaqlari' ushi'n o`tken temalar boyi'nsha test orawlari'n tayarlaydi'. Da`slepki ku'ndelikli qadag`alaw o`tkeredi. Soni'n` menen

birge, jan`a tema boyi’nsha test sorawlari’n tayarlaydi’ ha`m oqi’wshi’lar bilimlerin ani’qlaydi’.

Bunnan ti’sqari’ modul bag`darlamalari’ ori’n alg`an ha`r bir tapsi’rma boyi’nsha balalar bilimin ani’qlaw ushi’n oqi’wshi’lar o`z-o`zinen ha`m o`z-ara qadag`alaw a`melge asi’raladi’.

Modul bag`darlamalari’ mazmuni’ ha`m ma`nisine qaray oqi’wshi’lardi’n` individual islewge, eki oqi’wshi’ birgelikte islewge mo`lsherlengen modul boli’wi’ kerek.

Oqi’wshi’lardi’n` individual islerine mo`lsherlengen modul bag`darlamalari’ ha`r bir oqi’wshi’ni’n` qi’zi’g`i’wi’, za`ru’rligi, bilim da`rejesin artti’ri’w, o`zlestiiw da`rejesin ani’qlaw, kitap usi’li’nda o`zbetinshe islew ko`nlikpelerin rawajlandi’ri’wdi’ na`zerde tutsa, kishkene toparlar ushi’n mo`lsherlengen modul bag`darlamalari’ joqari’da ayti’lg`an faktorlar menen bir qatarda oqi’wshi’lar ortasi’nda o`z-ara qatnas, birge islessiw, ja`rdemdi payda etiw, oqi’wshi’lardi’n` biri-biri menen o`z-ara qadag`alawdi’ a`melge asi’ri’wdi’ na`zerde tutadi’.

Kishkene toparlar ushi’n du’zilgen modul bag`darlamalari’nan paydalani’wda eki tu’rli jantasi’w mu’mkin:

1. Jari’s usi’li’.

Oqi’ti’wshi’ oqi’wshi’lardi’ ten` sanli’ toparlarg`a aji’ratadi’. Modul bag`darlamani’ tarqati’p, topardag`i’ oqi’wshi’lar xi’zmetin modul bag`darlamadan ori’n alg`an tapsi’rmalardi’ ori’nlawg`a bag`darlaydi’. Ha`r bir tapsi’rma ori’nlang`annan son`,tarti’s, disupt, soraw-juwap jari’s tu’rinde o`tkeriledi. Ha`r bir topardag`i’ oqi’wshi’lar o`z xi’zmetlerin joldaslari’ni’n` pikirin esapqa alg`an halda bahalaydi’.

2. Kishkene ma`sla`hetshiler usi’li’.

Oqi’ti’wshi’ klass oqi’wshi’lari’n 5-6 ten` sanli’ kishkene toparlarg`a aji’ratadi’. Ha`r bir toparg`a kishkene ma`sla`ha`t beriwshiler tayarlaydi’.

Kishkene ma`sla`ha`tshiler topari’ndag`i’ oqi’wshi’lardi’n` xi’zmetin qadag`alaydi’. Tiyisli jag`daylarda o`z-ara ja`rdem sho`lkemlestiredi.

Tapsi’rmalar negizinde soraw-juwap o`tkeriledi. Kishkene toparlardag`i’ oqi’wshi’lar xi’zmeti o`z-ara qadag`alaw arqali’ bahalanadi’.

Modulli sabaqti’ to`mendegishe o`tkeriw usi’ni’s etiledi:

I.Sho`lkemlestiriw.

II.O`tken temalar boyi’nsha oqi’wshi’lar bilimin test sorawlari’ ja`rdeminde ani’qlaw ha`m bahalaw.

III.O`tken temani’ juwmaqlaw.

IY. Jan`a temani’n` bayani’:

A) jan`a tema boyi’nsha du’zilgen modul bag`darlamasi’n tarqati’w ha`m oqi’wshi’lar moduldin` didaktikali’q maqseti menen tani’sti’ri’w.

B) oqi’wshi’lardi’ jeke ha`m kishkene toparlar ta`rtibinde modul bag`darlamadag`i’ tapsi’rmalardi’ ori’nlawg`a bag`darlaw.

V) ha`r bir oqi’w xi’zmeti elementi tapsi’rmalari’ni’nn` toli’q ori’nlani’wi’n qadag`alaw, tiyisli ko`rsetpeler beriw.

G) ha`r bir oqi’w xi’zmeti elementi juwmag`i’nda soraw-juwap yamasa disput o`tkeriw.

Y.Jan`a tema yuoyi’nsha test sorawlari’ ja`rdeminde oqi’wshi’lar bilimin ani’qlaw:

A) o`z-o`zin qadag`alaw,

B) o`z-ara qadag`alaw,

V) oqi’ti’wshi’ni’n` qadag`alawi’

YI. Sabaqti’ uli’wma juwmaqlaw.

Joqari’dag`i’ pikirlerden ko`rinip turg`ani’nday, bilim protsessinde modul bag`darlamalardan paydalani’w oqi’wshi’lardi’n` bilim ali’wi’n aktivlestiredi ha`m oqi’ti’w na`tiyjeliliginin` joqari’ da`rejede boli’wi’n ta`miyinleydi.

Ayi’ri’m oqi’ti’wshi’lar o`z jumi’s xi’zmetinde aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiya elementi si’pati’nda tekg`ana testlerden paydalani’lmaqta. Temag`a baylani’sli’ testlerdi o`zleri d:zedi. Biraq test sorawlari’n duri’s du’ziw ushi’n test haqqi’nda teoriyali’q bilimge iye boli’wi’ kerek.

Test tapsi’rmalari’ni’n` mazmuni’na qaray to`rt t:rge bo`linedi: jabi’q, ashi’q, saykeslik ha`m izshillik testler. Test wazi’ypalari’ni’n` basqada formalari’ bar.

Jabi’q test-test sha`rti soraw yamasa bir wazi’ypa ha`m qi’sqa juwaplardan ibarat boli’p, ko`binese juwaplardan birewi duri’s, qalg`anlari’ duri’s juwapqa uqsasi’raq boladi’. Jabi’q test dep atali’wi’ni’n` ma`nisi sonda, tekseriliwshi qoyi’lg`an sha`rtke o`z «juwabi’n» berealmaydi’, ol testte keltirilgen juwaplardan birin-o`zinshe duri’s dep esaplag`ani’n tan`lawi’, belgilewi mu’mkin. Jabi’q teste birneshe duri’s juwap boli’wi’ mu’mkin.

## 2.3. Ilim-izertlew jumi'slari'ni'n` sho`lkemlestiriliwi

Ilim-izertlew jumi'si'mi'zdi' biz baslawi'sh klass oqi'ti'wshi'lari'ni'n` da`st:riy sabaqlari'n baqlawdan basladi'q. Baqlaw protsessinde «bir qa`lip» tiykari'nda sabaq o`tetug`i'n ha`m kerisinshe o`z u'stinde islep, do`retiwshilik penen oqi'w materiali'n oqi'wshi'g`a jetkerip, da`stu'riy emes sabaqlardi' o`tetug`i'n oqi'ti'wshi'lar birden ko`zge taslandi'.

Da`slepki maqsetimiz oqi'ti'wshi'lar aldi'n`g`i' pedagogikali'q texnologiya haqqi'nda qay da`rejede mag`li'wmatqa iye ekenligin, oni' ta`lim-ta`rbiya protsessine engiziwden tiykarg`i' maqsetti an`lap jetkenliklerin ani'qlawdan ibarat.

Sol maqsette No`kis qalasi'ndag`i' 9-mektepte, 15 mektepte baslawi'sh klass oqi'ti'wshi'lari' arasi'nda sorawnama o`tkerdik.

Sorawnamada sorawlarg`a ali'ng`an juwaplardi' analiz etip, sub`ektiv jag`daydi' to`mendegishe tablitsa arqali' swuretleymiz.

| № | Juwaplar | Juwaplar sani' % esabi'nda | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Oqi'ti'wshi'lardi'n` kategoriyasi' | | |
| | | 5 ji'lg`asha | 10 ji'lg`asha | 15 ji'lg`asha |
| 1. | Aldi'n`g`i' pedagogikali'q texnologiya elementlerinen paydalani'p sabaq o`temen | 23,3 | 50,0 | 56,7 |
| 2. | Aldi'n`g`i' pedagogikali'q texnologiya haqqi'nda teren` mag`li'wmatqa iye bolmag`ani'm ushi'n, jumi's xi'zmetimde azg`ana qollayman | 26,7 | 30,0 | 33,3 |
| 3. | Aldi'n`g`i' pedagogikali'q texnologiya haqqi'nda mag`li'wmatqa iye emespen, soni'n` ushi'n sabaq protsessinde hesh qollanbayman. | 50,0 | 20,0 | 10,0 |

Bul tablitsada to`mendegishe qi’sqarti’wlar berilgen «o` ji’lg`asha» – 5 ji’lli’q is staji’na iye oqi’ti’wshi’lar, «10-ji’lg`asha» –10 ji’lli’q is staji’na iye oqi’ti’wshi’lar, «15 ji’lg`asha-15 ji’lli’q is staji’na iye oqi’ti’wshi’lar.

Tablitsadan ko`rinip turi’pti’, oqi’ti’wshi’lardi’n` is staji’ arti’p bari’wi’ menen aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyadan paydalani’w % ko`rsetkishi arti’p barg`an. Biraq bul-15 ji’l is staji’na iye bolg`an oqi’ti’wshi’lar 100% aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyani’ o`zlestirgen degeni emes, olar arasi’nda sabaq protsessined pedagogikali’q texnologiyani’ azg`ana qolaytug`i’nlar 33,3 % ti quraydi’. Yamasa jumi’s xi’zmetinde aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiya haqqi’nda mag`li’wmatqa iye bolmay, oni’ qollamaytug`i’n oqi’ti’wshi’lar 10% ti quraydi’.

5 ji’lli’q is staji’na iye bolg`an oqi’ti’wshi’lardi’n` 50% ti jumi’si’nda aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyani’ paydalan basli’g`i’n ayti’p o`tken.

10-ji’lli’q is staji’na iye bolg`an maman oqi’ti’wshi’lar topari’ni’n` juwaplari’ birazg`ana o`zgeshe. Bul tiptegi pedagoglardi’n` 50% ti jumi’s xi’zmetinde aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiya elementlerinen paydalani’wdi’ ayti’p o`tken.

U’shinshi ko`rinis ta`jiriybeli oqi’ti’wshi’lar topari’n sho`lkemlestirgen edi. Olardi’n` 56,7% ti tiykari’nan o`z xi’zmetlerinde aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiya element lerinen qollaytug`i’nlari’n aytqan.

Oqi’ti’wshi’lar o`z u’stinde do`retiwshilik pene islese, ji’l sayi’n oni’n` sheberligi artadi’. Buni’n` ushi’n bul tarawg`a baylani’sli’ baspalard, g`alaba xabar qural qurallari’ arqali’ beriletug`i’n ta`lim progressine baylani’sli’ bag`darlardi’ baqlap bari’w kerek.

## 2.3 Ta`jiriybe-si'naw jumi'slari'ni'n` na`tiyjeleri

Ta`jiriybe klasslari' etip 1-4 ha`m 1-4 «v» klasslari'n tan`ladi'q. Oqi'w ji'li' basi'nda klastag`i' oqi'wshi'lardi'n` o`zlestiriw da`rejesi barli'g`i' birdey. Oqi'w ji'li' dawami'nda ta`jiriybe klass oqi'ti'wshi'lari'na aldi'n`g`i' pedagogikali'q texnologiya tiykari'nda o`tiletug`i'n sabaq islenbeleri, metodikali'q qolanbalar, qi'zi'g`arli' tapsi'rmalar, bilim beriwshi oyi'nlar, test tapsi'rmalari', da`st:riy emes uslubda o`tiletug`i'n sabaq joybarlari'n berip bardi'q ha`m uli'wmalasti'ri'wshi' sabaq ha`m bir sherek juwmag`i'nda eki klas oqi'wshi'lari'ni'n` o`zlestiriwh da`reje ko`rsetkishlerin belgilep bardi'q.

Birinshi klassta sabaqlardi' da`stu'riy emes usi'lda sho`lkemlestiriw, bilim beriwshilik oyi'nlardan, test tapsi'rmalardan paydalani'w arqali' oqi'wshi'lardi'n` qi'zi'g`i'wshi'li'qlari' artadi'. Birinshi klassti'n` III-IY shereklerge kelip klassti'n` uli'wma o`zlestiriw da`rejesine qarap, «Klaster» metodi'n oqi'w, ana tili, a`tirapi'mi'zdag`i' a`lem, matematika sabaqlari'nda qollani'w mu'mkin.

Kishkene toparlar menen islesiwdin` abzalli'g`i':

-sabaqta barli'q oqi'wshi'lardi'n` aktivligi ta`miynlenedi,

-waqi'tti' u'nemlew, yag`ni'y az waqi't sarplap ko`birek bilim ali'w imka`nin beredi.

-oqi'wshi'lar sabaqta o`z pikirlerin erkin , o`zbetinshe bayan ete aladi'.

-topardag`i' oqi'wshi'lar ja`ma`a`tinde o`z orni' barli'g`i'n an`dap olarda juwapkershilik sezimi oyanadi'.

Ekinshi klassta oqi'w sabag`i'nda o`tkerilgen ta`jiriybe-si'naw sabaqlari'ni'n` islenbelerinen u'lgi keltiremiz.

Sabaq basqi'shpa-basqi'sh a`melge asi'ri'li'p , to`mendegishe bo`listiriledi.

| Sabaq basqi'shlar | Oqi'ti'wshi'ni'n` maqset ha`m wazi'ypalari' | Oqi'wshi'ni'n` xi'zmeti ha`m wazi'ypalari' |
|---|---|---|
| Sho`lkemlestiriw isleri 2 minut | 1. klassti'n` sabaqqa tayarli'g`i'n tekseriw.<br>2. Qatnasti' ani'qlaw | 1.Sabaqqa tayar boli'w.<br>2. Pikirin ja`mlew |

| | | |
|---|---|---|
| | 3. Di’qqatti’ ja`mlew | |
| Shaqi’ri’w 10 minut | 1.Toparlarg`a bo`liw.<br>2. «aqi’li’y xu’jim» sho`lkemlestiriw | 1. «Aqi’li’y xu’jim» de aktiv qatnasi’w.<br>2. Ta`rtipti saqlaw |
| An`law basqi’shi’ 15 minut | 1. Toparlarda ertek analizi<br>2. Toparlararali’q ertek bayani’n sho`lkemlestiriw, qadag`alaw | 1. Ertekti analiz etiw.<br>2. O`zara qatnas.<br>3. Ertek mazmuni’n ayti’w |
| Pikirlew<br>15 minut | 1. Disput.<br>2. Soraw-juwap sho`lkemlestiriw.<br>3. Oqi’wshi’lardi’n` aktivligin qadag`alaw | 1. Disputta aktiv qatnasi’w.<br>2. Duri’s soraw beriw |
| Sabaq juwmag`i’ 3 minut | 1.Temani’ juwmaqlaw.<br>2. Oqi’wshi’lardi’ bahalaw.<br>3. u’yge tapsi’rma beriw | 1. u’y wazi’ypasi’n jazi’p ali’w |

Sabaqli’qta berilgen «Ur toqpaq» ertegi to`rt bo`limnen ibarat. Sog`an qaray biz klassti’ to`rt gruppag`a bo`ldik (8-9 oqi’wshi’). Ha`r bir toparg`a sa`rdar saylandi’ ha`m oqi’ti’wshi’larg`a to`mendegishe tapsi’rmalar berildi.

-I topar a`-bo`limdi oqi’p, tema qoyi’p, mazmuni’n so`ylep beredi.

-II topar g`-bo`limin oqi’p , tema qoyi’p, mazmuni’n so`ylep beredi.

-III topar q-bo`limin oqi’p , tema qoyi’p, mazmuni’n so`ylep beredi.

-IY topar n`-bo`limin oqi’p , tema qoyi’p, mazmuni’n so`ylep beredi.

Bul tapsi’rmalardi’ ori’nlaw ushi’n oqi’wshi’larg`a 10 minut waqi’t beriledi. Belgilengen waqi’t dawami’nda oqi’wshi’lar ertek bo`limin o`zbetinshe u’yrenip oqi’p, mazmuni’n o`z-ara analiz etedi, kelisken halda say tema qoyadi’.

Oqi’ti’wshi’ bunday sabaqta qadag`alawshi’ wazi’ypasi’n o`teydi. Waqi’tti’ bo`listirip, topardag`i’ oqi’wshi’lardi’n` aktivligin tekserip turadi’.

Topardag`i’ analiz aqi’ri’na jetkennen son`, toparlar izbe-izligi boyi’nsha oqi’wshi’lardan ertek bo`limine qoyi’lg`an temani’ ayti’p, mazmuni’n so`ylep beredi. Ha`r bir toparg`a n` minuttan waqi’t aji’rati’ladi’. Topardag`i’ oqi’wshi’ so`ylep ati’rg`anda ha`mme oqi’wshi’lardi’n` di’qqat itibari’ sol oqi’wshi’da

boli’wi’ kerek, topar sa`rdarlari’ so`ylep ati’rg`an oqi’wshi’g`a sorawlar tawi’p, jazi’p qoyadi’, oqi’ti’wshi’ beriletug`i’n sorawlardi’ qadag`alap baradi’.

Ertek mazmuni’ sa`wlelendirilip berilgennen son` toparlararali’q soraw-juwap baslanadi’:

-I topar oqi’wshi’lari’na a`-bo`lim boyi’nsha sorawlar,

-II topar oqi’wshi’lari’na g`-bo`lim boyi’nsha sorawlar,

-III topar oqi’wshi’lari’na q-bo`lim boyi’nsha sorawlar,

-IY topar oqi’wshi’lari’na n`-bo`lim boyi’nsha sorawlar.

Soraw-juwaplarda topardag`i’ barli’q oqi’wshi’lar aktiv qatnasi’ qadag`alanadi’. Soraw-juwap aqi’ri’na jetkennen son`, oqi’ti’wshi’ juwmag`i’ ti’n`lanadi’ ha`m aktiv qatnasqan oqi’wshi’lar xoshametlenedi.

Bayan etkenimiz ta`jiriybe-si’naw klassi’nda o`tken sabaq edi. Qadag`alaw klassi’nda ertek da`stu’riy sabaq uslubi’nda o`tildi. Na`wbettegi sabaqta oqi’wshi’lardi’n` ertekti qay da`rejede o`zlestirgenliklerin ani’qlaw maqsetinde eki klass oqi’wshi’lari’na sorawlar betlerin tarqati’p shi’qti’q. Sorawlar to`mendegishe du’zilgen edi:

1.Garri’ La`ylek penen qalay tani’si’p qaldi’?

2. La`ylek garri’g`a qanday wa`de berdi?

3. La`ylek o`z wa`desinin` u’stinen shi’qti’ma?

4. Bay g`arri’ni’ qanady etip aldadi’?

5. Garri’ menen baydi’ sali’sti’ri’n`?

6. Bay g`arri’ni’ ne maqsette aldadi’?

7. Garri’ hiyleker baydi’ qanday jazaladi’?

8. Ertek jaqsi’li’q penen tamamlandi’ma?

9. Sizlerde qanday ta`sirlerdi qaldi’rdi’?.

Sorawlarg`a alg`an juwaplardi’ analiz etip, oqi’wshi’lardi’n` ertekti o`zlestirgen da`rejesin ani’qladi’q.

Ta`jiriybe klassi’nda feyil temasi’n bekkemlew sabag`i’nda «Kubik» metodi’nan paydalandi’q. Kubiutin` 6 ta`repi arqali’ feyil so`z klassifikatsiyasi’

haqqi’nda barli’q mag`li’wmatlardi’ sa`wlelendirip beriwdi maqset etip koydi’q. Buni’n` ushi’n kubiktin` 6 ta`repine to`mendegi tapsi’rmalar jazi’ldi’:

1. Feyil haqqi’nda uli’wma tu’sinik.
2. Feyillerdin` ga`ptegi wazi’ypasi’.
3. Feyil zamanlari’.
4. Feyillerde shaxs-san.
5. Boli’mli’, boli’msi’z feyiller.
6. Qospa feyiller.

Klasstag`i’ ha`r bir oqi’wshi’g`a feyil so`z klassifikatsiyasi’na baylani’sli’ so`z jazi’lg`an kartochkalar tarqati’ladi’ ha`m oqi’wshi’lar kubiktin` sha`rtlerine muwapi’q berilgen feyillerdi analiz etedi.

Bul metod o`tilgen sabaqti’ ha`r ta`repleme turaqli’ u’yreniw imka`nin beredi. «Kubik» metodi’ni’n` abzalli’g`i’ sonda:

-oqi’ti’wshi’ bir waqi’tti’n` o`zinde oqi’wshi’lar menen bir tu’rdegi ma`sele u’stinde isleydi.

- klasstag`i’ barli’q oqi’wshi’lar tapsi’rma menen ba`nt boladi’.

- oqi’wshi’lardi’n` tez pikirlew qa`biyletleri o`sip, logikali’q pikirlewge :yrenedi.

Izertlew jumi’si’mi’zi’dn` eksperiment na`tiyjelerine juwmaq qi’li’p soni’ ayti’w mu’mkin, bul ta`jiriybe-si’naw jumi’slari’ baslawi’sh klasslardi’n` ha`r bir (I-IY) klasslari’nda o`tkerildi. Ta`jiriybe-si’naw jumi’slari’ni’n` na`tiyjelerine qaray aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiya elementleri balani’n` jasi’na , pikirlewine, oylawi’na, o`zlestiriw da`rejesine say halda birinshi klasstan qollani’w imka`niyati’ bar. Aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalardi’ da`slepki mektep jasi’nan qollani’wda oqi’ti’wshi’dan ju’da` u’lken izleniwshilik, sheberlik ha`m o`zinin` ka`sibine pedagogikali’q-psixologiyali’q jantasi’wdi’ talap etedi. Bul ori’nda oqi’ti’wshi’ to`mendegi talaplar tiykari’nda o`zinin` sheberligin artti’ri’p bari’wi’ kerek. Oqi’ti’wshi’:

-o`z u’stinde do`retiwshilik penen islese, ta`lim tarawi’ndag`i’ jan`ali’qlardan xabardar bolsa,

-ka`siplik sheberligin da`wir talabi'na say jan`alap barsa,

-aldi'n`g`i' pedagogikali'q texnologiyalar haqqi'nda teoriyali'q mag`li'wmatqa iye boli'p , olardi' a`melde qollasa,

- sabaqqa tayarli'q da`rejesi belgilengen kriteriya talaplari'na juwap berse, a`lbette, oqi'wshi'lardi'n` joqari' bilim iyeleri boli'p jetilisiwine, o`zlestiriwlerdin` joqari' ha`m si'patli' boli'wi'na erisedi.

Ha`r bir oqi'ti'wshi' o`tken sabaq na`tiyjeli boli'wi'n tileydi. Sabaq na`tiyjesi bolsa oqi'wshi'lar alg`an bilimleri ha`m o`zlestiriw da`reje ko`rsetkishlerinde ko`rinedi.

O`tkerilgen ta`jiriybe si'naw isleri na`tiyjeleri to`mendegi tablitsalarda o`z ko`rinisin tapqan.

Tablitsalarda berilgen ko`rsetkishler soni' ko`rsetedi, sabaq protsessinde aldi'n`g`i' pedagogikali'q texnologiyalardan paydalani'p sabaq o`tken oqi'ti'wshi'lar klasstag`i' oqi'wshi'lardi'n` o`zlestiriw da`rejesi, da`st:riy uslubda sabaq o`tetug`i'n oqi'ti'wshi'lardi'n` klassi'ndag`i' oqi'wshi'lardi'n` o`zlestiriw da`rejesinen joqari'.

O`zlestiriwdi joqari' da`rejege ko`teriw oqi'ti'wshi'dan miynet ha`m sheberliktii , oqi'wshi'dan bolsa qunt penen izleniwshilikti talap etedi.

# JUWMAQLAW

Kadrlar tayarlaw milliy bag`darlamasi'nda aldi'n`g`i' pedagogikali'q texnologiyalardi' u'yrenip, olardi' oqi'w ma`kemelerine engiziw za`ru'rligi qayta-qayta ayti'lg`an.

Prezidentimiz ta`repinen ilimiy negizlep berilgen ta`lim-ta`rbiya modelin a`meliyatqa engiziw oqi'w protsessin texnologiyalasti'ri'w menen baylani'sli'. Sol sebepli «Kadrlar tayarlaw milliy bag`darlamasi'nda «Oqi'w-ta`rbiyali'q protsessti aldi'n`g`i' pedagogikali'q texnologiyalar menen ta`miyinlew» oni'n` ekinshi ha`m u'shinshi basqi'shlari'nda ori'nlanatug`i'n a`hmiyetli wazi'ypalardan biri boli'p belgilendi.

Pedagogikali'q texnologiya sonday bilimler tarawi', olardi'n` ja`rdeminde jan`a mi'n` ji'lli'qta bilimlendiriw tarawi'ndag`i' ma`mleket siyasati' tu'pten o`zgerdi. Ta`lim mazmuni', oqi'ti'wshi' xi'zmeti jan`alandi'. Mazmun, maqset jan`alang`an jayda eski usi'lda islep bolmaydi'. Bul da`wir oqi'ti'wshi'-pedagoglardan ti'ni'msi'z izleniwshilikti talap etedi.

Baslawi'sh ta`lim da`wiri balani'n` jeke adam boli'p qamalg`a keliwinde a`hmiyetli da`wir boli'p esaplanadi'. Sonday eken, biz baslawi'sh klass oqi'ti'wshi'lari'na u'lken wazi'ypalar ju'klengen. Ana Watang`a sadi'q qi'li'p ta`rbiyalawi'mi'z kerek.

Bu'gingi ku'nge kelip mekteplerde bahalawdi'n` reyting sistemasi' biykar qi'li'ndi'. Demek, biz aldi'n oqi'wshi'lardi' bahalawdi'n` tu'rli usi'llari'n tawmastan, bilim beriwdin` na`tiyjeli jollari'n tabi'wi'mi'z kerek. Buni'n` ushi'n bolsa ta`lim protsessine aldi'n`g`i' pedagogikali'q texnologiyalardi' engiziwdi aktivlestiriwimiz kerek, aldi'n`g`i' oqi'ti'wshi'lari'mi'zdi'n` is-ta`jiriybelerin respublikami'zg`a en jaydi'ri'wi'mi'z lazi'm.

Respublika ha`m oblast` bilimin jetilistiriw institutlari'nda aldi'n`g`i' pedagogikali'q texnologiyalardi' sabaqlarda engiziwdi u'yretiw boyi'nsha bayanat ha`m a`meliy shi'ni'g`i'wlar engizilgen. Ashi'q ja`miyet instituti' talaba, magistr ha`m oqi'ti'wshi'lar ushi'n aldi'n`g`i' pedagogikali'q texnologiyalardi'

engiziw boyi’nsha «Kritikali’q pikirlewdi rawajlandi’ri’w ushi’n Oqi’w ha`m Jazi’w uslublari’» bag`darlamasi’n usi’ni’s etpekte. Bul kursti’n` tiykarg`i’ maqseti, aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalardi’ ken` ja`miyetshilikke engiziwden ibarat.

Magistrlik dissertatsiyamni’n` ilim-izertlew eksperiment bo`liminde usi’ kursta alg`an bilimlerimdi qollani’p, jaqsi’ na`tiyjelerdi qolg`a kirgizdim. :yrengen aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalardi’ ta`jiriybe klasslarda o`tkerilgen si’naw sabaqlari’nda qollang`ani’mda oqi’wshi’larda bilim ali’wg`a bolg`an qi’zi’g`i’wlar arti’p bardi’, olarda ken` pikirlew, o`zbetinshe, logikali’q, erkin, kritikali’q pikirlew qa`biyletleri artqanli’g`i’n ko`rdik.

Aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalardi’ uli’wmalasti’ri’w, uli’wma bilim beriw mekteplerindegi oqi’w ta`rbiya protsessinin` izbe-izligin asi’radi’ ha`m «Kadrlar tayarlaw milliy bag`darlamasi’»ni’n` ekinshi ha`m u’shinshi basqi’shi’nda aldi’mi’zg`a qoyg`an wazi’ypalardi’ izshil a`melge asi’ri’wda ja`rdem beredi.

## PAYDALANILG’AN A`DEBIYaTLAR:


1. Karimov I.A. «Barkamol avlod-Wzbekiston taraqqiet ining poydevori» – Toshkent, «Sharq» , 1997 y.
2. Karimov I.A. «O`zbekiston XXI asrga intilmoqda»-Toshkent, «O`zbekiston» , 1999 y.
3. Karimov I.A. «`Barkamo avlod orzusi»-Toshkent , «Sharq» 1999 y.
4. Wzbekiston Respublikasi Konstituttsiyasi. Toshkent, 1992 y.
5. Qoraqalpo»iston Respublikasi Konstituttsiyasi, Nukus, 1993 y.
6. Milliy istiqlol g’oyasi: asosiy tushunchalar va tamoyillar.-Toshkent, 2000y.
7. Boshlan»ich ta`lim davlat dasturlari va kontseptsiyasi.
8. Boshlan»ich ta`lim davlat standartlari.
9. Atutov T.R. «Texnologiya i sovremennoe obrazovanie»-Pedagogika, 1996 g., №2.
10. Bespal`ko B.P. «Slagaemi’e pedagogicheskoy texnologii»-M., pedagogika, 1989 g.
11. Bespal`ko B.P. «Pedagogika i progressivni’e texnologiii obucheniya»-M., 1995 g.
12. Guzeev V. «Ot metodik-k obrazovatel`noy texnologii»-Narodnoe obrazovanie, 1988 g.
13. Ziemuhamedov B., Abdullaev Sh. «Ilgor pedagogik texnologiya: Nazariya va amaliet»-Toshkent, 2001 y.
14. Ywldashev J.G. «Pedagogik innovatsiyalarni haetga tatbiq etishning tashkiliy asoslari»- «Xalq ta`limi» jurnali, 6-son, 1999 y.
15. Ywldoshev J.G. «Yangi pedagogik texnologiya: ywnalishlari, muammolari, echimlari»-»Xalq ta`limi» jurnali, 4-son, 1999y.
16. Malla Ochilov «Yangi pedagogik texnologiyalar»- Qarshi, «Nasaf», 2000y.
17. Karimov R.X. «Talimda pedagogik texnologiyalar»- guliston, 1999 y.
18. Klarin M.V. «Pedagogicheskaya texnologiya v uchebnom protsesse»-M., Znanie, 1989 g.
19. Kan-Kalik V.A., Nikandrov N.D. «Pedagogicheskoe tvorchestvo»-M., 1990 g.
20. Lixachev B.T. «Pedagogika: Kurs lektsiy»-M., 1993 g.
21. Nazarova T.S. «Pedagogicheskoe texnologii: novi’y etap evolyutsii»-Pedagogika, 1997 g. №3.
22. Nishonaliev U. Tolipov U. «ikki shaxs faoliyati uy»unlashgandagina ta`lim tarbiyadan kuzlangan maqsadga erishiladi» – Ma`rifat gazetasi, 2000 y., 19 aprel`.
23. O»aev S. «Yangi pedagogik texnologiya haetiy ehtiej»- Xalq ta`limi», 2001 y., 3-san, 69-71 bet.
24. Pedagogicheskaya texnologiya:Programma uchebnogo kursa (pod red.Slastenina)»-M., 1996 g.

25. Pidkasisti'y P.I. , Xaydarov J.S. «texnologiya igri' v obuchenii i razvitii»-M., 1996 g.
26. Pityukov V.Yu. «Osnovi' pedagogicheskoy texnologii: Programma eksperimental`nogo uchebnogo kursa»-N.Novgorod, 1992 g.
27. Pityukov V.Yu. «Chto takoe pedagogicheskaya texnologiya, Vospitanie shkol`nikov»-M., 1995 g., №1 str. 8-10.
28. Saidahmedov N.S. Maqolalar –Ma`rifat gazetasi.
29. Selevko G.K. «Sovremenni'e obrazovatel`ni'e texnologii»-M., pedagogika, 1990 g.
30. Tursunov I. «Yangi pedagogik texnologiya va uning istiqboli»-»xalq swzi», 1990 y., 25 sentyabr`.
31. Fridman L.M. «naglyadnost` i modelirovanie v obuchenii» M., 1984 g.
32. Farberman B.L. «Il»or pedagogik texnologiyalar»-toshkent, «FAN». 2000y.
33. Xasanova G. «Boshlan»ich sinflarda darslarni pedagogik texnologiya asosida tashkil etish» –»Pedagogik ta`lim», 2001 y., 3-son.
34. Kurbonov R. «Ta`limdan ta`limning farqi bor»- «Ishonch», 2001 y., 30-may.
35. Qodirova F. «Pedagog kadrlarga yangi pedagogik texnologiya haqida metodika», «Til va adabiet ta`limi», 2001 y., 4-son, 9-11 bet.
36. Shukurov X., Karimov R. Va boshq. «Yangi pedagogik texnologiyalar wquv tarbiya jaraeniga» – Guliston , 1997 y.
37. Boshlan»ich sinf darsliklari.
38. Qosnazarov Q., Abdijapparova J. «Modulli sabaq texnologiyasi'» , Mu»allim ha`m u'zliksiz bilimlendiriw» jurnali', No`kis, 2006 j., 3-san.
39. Qosnazarov Q. Oqi'wshi'lardi'n` bilimin bahalawdi'n` reyting sistemasi'. Ustaz gazetasi'.
40. Qosnazarov Q. Jan`a pedagogikali'q texnologiyalardan sabaq bari'si'nda paydalani'w. Ustaz gazetasi'. 1999-200o`jj.

No`kis ma`mleketlik pedagogikali’q instituti’

Fakul`tet: Pedagogika

Kafedra: Pedagogika ha`m psixologiya

Talaba ________________________

Ilimiy basshi’ ________________________

Oqi’w ji’li’: 2014-2015 j.

Pitkeriw qa`nigelik jumi’si’ni’n` temasi’: «Ta`lim-ta`rbiyani’ sho`lkemlestiriw formalari’ni’n` zamanago`y usi’llari’»

**AVTOR ANNOTATsIYaSI**

Pitkeriw qa`nigelik jumi’si’ tiykari’nan kirisiw, eki bap, juwmaqlaw ha`m paydalani’lg`an a`debiyatlar diziminen ibarat. Pitkeriw qa`nigelik jumi’si’ni’n` uli’wma si’patlamasi’ to`mendegishe xarakterlenedi. Olar to`mendegilerden ibarat:

Jumi’sti’n` aktaulli’g`i’ Baslawi’sh ta`limde pedagogikali’q texnologiya elementlerinen paydalani’w ma`selesi de ha`zirgi ku’nde ju’da` kerekli. O`ytkeni, keleshek a`wladqa bilim beriw, yag`ni’y olardi’n` sanasi’nda sistemali’ ilimiy tu’siniklerdi qa`liplestiriw basqi’shi’ usi’ jerden baslanadi’.

Uli’wma ta`limnin` birinshi basqi’shi’ bolg`an baslang`i’sh bilim beriw balani’ pikirlewge, oylawg`a, o`z pikirin ayti’wg`a ha`m juwmaq shi’g`ari’wg`a, sawatlandi’ri’w tiykari’nda bekkem rawajlani’wi’n ta`miyinlewge xi’zmet etedi.

Izertlewdin` maqseti - baslawi’sh ta`limde aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalardi’ en jaydi’ri’w, olardi’n` elementlerinen paydalani’w, mug`allimler ushi’n usi’ni’slar beriwden ibarat

Izertlew ob`ekti- baslawi’sh klasslarda pedtexnologiyalardan paydalani’w protsessi.

Izertlew predmeti- baslawi’sh ta`limde ped texnologiya elementlerinen paydalani’w metodlari’, usi’llari’.

Izertlewdin` metodlari’: teoriyali’q-a`meliy talqi’law, baqlaw, anketa, sa`wbet, soraw-juwap, uli’wmalasti’ri’w, didaktikali’q metodlar.

Izertlewdin` jan`ali’g`i’: Izertlew jumi’si’ bilimlendiriw tarawi’nda jan`a islerden sanaladi’. Oni’n` jan`ali’g`i’, baslawi’sh ta`limde pedagogikali’q texnologiyalardan paydalani’w boyi’nsha berilgen usi’ni’slardan ibarat.

Izertlewdin` aprobatsiyasi’: Izertlew jumi’si’ boyi’nsha A`jiniyaz ati’ndag`i’ No`kis ma`mleketlik pedagogikali’q instituti’ni’n` kafedra ma`jilislerinde ha`m fakul`tet ji’ynali’slari’nda , sonday-aq temag`a baylani’sli’ gazeta betlerinde maqalalar ja`riya etildi.

Student : Baykuatova J.

Ilimiy basshi’: Allayarov M.

A`jiniyaz ati'ndag`i' No`kis ma`mleketlik pedagogikali'q instituti' Pedagogika fakul`teti, pedagogika ha`m psixologiya ta`lim bag`dari' 4-kurs talabasi' BAYKUATOVA JULDIZ TURGALIEVNANIN` «Ta`lim-ta`rbiyani' sho`lkemlestiriw formalari'ni'n` zamanago`y usi'llari'» atli' temada jazg`an bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumi'si' boyi'nsha

## QISQAShA BAYaNAT SO`ZI

Temani'n` aktual`li'g`i'. O`zbekstan Respublikasi'nda xali'qti'n` bay ruwxi'y potentsiali' ha`m uli'wmainsani'y qa`driyatlarg`a, ha`zirgi zaman ma`deniyati', ekonomikasi', ilim-pa`ni, texnikasi' ha`m texnologiyasi'ni'n` son`g`i' jetiskenliklerine tiykarlang`an turaqli' bilimlendiriw sistemasi'n payda etiw aktual` ma`sele boli'p tabi'ladi'.

Kadrlar tayarlaw milliy bag`darlamasi'nda aldi'n`g`i' qatar pedagogikali'q texnologiyalardi' engiziw ha`m o`zlestiriw za`ru'rligi ko`p ma`retebe ta`kirarlanbaqta. Sonli'qtan pedagogikali'q texnologiya degen ne ol da`st:riy sabaqlardan nesi menen aji'rali'p turadi'.

O`zbekstanda ta`lim-ta`rbiya tarawi'n reformalawdi'n` tiykarg`i' faktorlari'nan biri «Jeke adam ma`pi ha`m bilimlendiriwdin` u'stinligi» boli'p tabi'ladi'. Bul faktor ma`mleketimizdin` sotsialli'q siyasati'n belgilep bergenligi sebep, oqi'ti'wdi'n` jan`a modeli jarati'ldi'.

Oni'n` tiykarg`i' baslamashi'si' ha`m basshi'si' bolg`an ma`mleket prezidenti I.A.Karimov ta`repinen bul modeldi pedagogikali'q protsesste a`melge asi'ri'w menen baylani'sli' bolg`an turmi'si'mi'zdi'n` tarawlari'nda ju'z bergen «partlaw effekti» na`tiyjeleri haqi'yqi'y ko`rsetilip berildi. Yag`ni'y ol:

-sotsialli'q-siyasi'y qatlamg`a unamli' ta`sir etedi ha`m na`tiyjede ma`mleketimizdegi bar bolg`an ortali'q p:tkilley o`zgeredi,

-insanni'n` o`mirden o`z orni'n tabi'w protsessi tezlesedi,

-jamiyette g`a`rezsiz, kritikali'q pikirlewshi erkin adamni'n` qa`liplesiwine ali'p keledi,

-ja`miyetimizdin` unamli' potentsial ku'shlerin ju'zege shi'g`ari'wda ju'da` u'lken a`hmiyetke iye,

-puxarali'q, erkin, demokrtaiyali'q ja`miyetti quri'wdi' ta`miyinleydi,

«Partlaw effekti» g`ayrati' menen alg`a qa`dem taslaw pedagog-xi'zmetkerlerdi , teoretik ha`m praktiklerdi ha`reketke keltiredi. Jan`a a`wladti' kamalg`a keltiriw protsessine pedagogikali'q texnologiyalar menen ta`miyinlewdi da`wir ko`rsetip beredi. Aldi' menen pedagogikali'q texnologiyag`a bolg`an qi'zi'g`i'w ku'sheydi, degen soraw tuwi'ladi'. Soni' ayti'p o`tiwimiz mu'mkin, rawajlang`an ma`mleketlerde a`dette birinchi gezekte

pedagogikali’q texnologiyag`a bilimlendiriw siyasati’ni’n` basli’ wazi’ypasi’ si’pati’nda qarap kelingen. Bunday jantasi’w YuNESKO ta`repinen de maqullanadi’ ha`m 1972 ji’lda «Bilimlendiriwdi rawajlandi’ri’w ma`seleleri» boyi’nsha xali’qarali’q komissiyani’n` basli’g`i’ Edgara Ferani’n` bayanati’nda da o`z ko`rinisin tapti’: «Zamango`y texnologiya – bilimlendiriwdi modernizatsiyalawg`a ha`reketlendiriwshi k:sh boli’p esaplanadi’».

Ha`zirgi ku’nde pedagogikali’q a`debiyat, ta`lim ma`selelerine baylani’sli’ bayanatlar, ra`smiy xu’jjetlerde «jan`a pedagogikali’q texnologiya», «aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiya», «zamango`y pedagogikali’q texnologiya» tu’sinikleri ken` qollani’lmaqta. Biraq, «Pedagogikali’q texnologiya» tu’sinigi elege shekem bir qa`lipke t:sirilmegen, entsiklopediyalarda ta`riplengeni joq, soni’n` menen birge oni’n` mazmuni’ni’n` jan`asha ta`riypi islep shi’g`i’lmag`an. Soni’n` ushi’n bul so`zlerdin` bir-birinen ayi’ri’wshi’ ko`pg`ana ta`riypleri bar. Bulardi’n` arasi’nda YuNESKO ta`riypi maquli’raq: «Pedagogikali’q texnologiya – bul pu’tin oqi’ti’w ha`m bilimlerdi o`zlestiriw protsessinde o`zinin` aldi’na oqi’ti’w formalari’ni’n` na`tiyjeliligin artti’ri’w wazi’ypasi’n qoyi’wshi’ texnikali’q ha`m jeke adam resurslari’ ha`m olardi’n` o`zara baylani’si’n espqa ali’p, bilimlerdi jarati’w, qollani’w ha`m belgilewdin` sistematik metodikasi’» boli’p tabi’ladi’.

Bul ta`riypte tiykarg`i’ tu’sinikler «sistematik metodika» ekenligi ani’q, al qalg`an so`zler pedagogikali’q texnologiyani’n` sistema si’pati’ndag`i’ sostav bo`leklerin ta`riypleydi. A`sirese,sistemali’ jantasi’w pedagogikali’q texnologiyani’ oqi’ti’wg`a basqa jantasi’wlardan pari’qlawshi’ tiykarg`i’ belgi boli’p tabi’ladi’. Sistema so`zi dizim, bo`leklerden du’zilgen, birikken bir pu’tin na`rse yamasa ha`diyse ma`nisin an`latadi’.

Sistema tu’sinigi ha`m so`zi basqada ma`nislerge iye. Ma`selen, sistema - jip, si’m si’yaqli’ terilgen na`rse.

Sistemali’ qatnasi’q ilimiy biliw metodologiyasi’ ha`m pedagogikali’q praktikani’n` bir bag`dari’ si’pati’nda universal xarakteristikag`a iye, pedagogikada ken` qollanladi’, ta`lim-ta`rbiyag`a da pedagogikali’q sistema retinde qaraw kerek.

Baslawi’sh ta`limdegi oqi’ti’w sistemasi’-sistemali’ jantasi’wg`a tiykarlanadi’. Mektep bosag`asi’na qa`dem qoyg`an oqi’wshi’g`a bilim beriwde a`piwayi’dan quramali’g`a, belgisizden belgilige qarap ali’p bari’ladi’.

Uli’wma ta`limnin` birinshi basqi’shi’ bolg`an baslang`i’sh bilim beriw balani’ pikirlewge, oylawg`a, o`z pikirin ayti’wg`a ha`m juwmaq shi’g`ari’wg`a, sawatlandi’ri’w tiykari’nda bekkem rawajlani’wi’n ta`miyinlewge xi’zmet etedi.

Izertlewdin` maqseti - baslawi’sh ta`limde aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalardi’ en jaydi’ri’w, olardi’n` elementlerinen paydalani’w, mug`allimler ushi’n usi’ni’slar beriwden ibarat

Izertlew ob`ekti- baslawi’sh klasslarda pedtexnologiyalardan paydalani’w protsessi.

Izertlew predmeti**-** baslawi’sh ta`limde ped texnologiya elementlerinen paydalani’w metodlari’, usi’llari’.

Izertlewdin` metodlari’**:** teoriyali’q-a`meliy talqi’law, baqlaw, anketa, sa`wbet, soraw-juwap, uli’wmalasti’ri’w, didaktikali’q metodlar.

Izertlewdin` jan`ali’g`i’**:** Izertlew jumi’si’ bilimlendiriw tarawi’nda jan`a islerden sanaladi’. Oni’n` jan`ali’g`i’, baslawi’sh ta`limde pedagogikali’q texnologiyalardan paydalani’w boyi’nsha berilgen usi’ni’slardan ibarat.

Talaba: Baykuatova J.T.

A`jiniyaz ati'ndag`i' No`kis ma`mleketlik pedagogikali'q instituti' pedagogika fakul`teti n` 4- kurs studenti Baykuatova Juldi'zdi'n` «Ta`lim-ta`rbiyani' sho`lkemlestiriw formalari'ni'n` zamanago`y usi'llari'» degen temadag`i' pitkeriw qa`nigelik j u m i' s i'na ilimiy basshi'si' ta`repinen bildirilgen juwmaqlawshi'

P I K I R

Ha`zirgi waqi'tta bilimlendiriw tarawi'nda tu'pkilikli o`zgerisler ju'z berip ati'r. Solardan biri bolg`an bilimlendiriw tarawi'nda pedagogikali'q texnologiyalardan paydalani'w protsessi boli'p tabi'ladi'. A`sirese baslawi'sh ta`limde pedagogikali'q texnologiya elementlerinen paydalani'w ku'ndelikli wazi'ypalardan biri boli'p tabi'ladi'.

Baslawi'sh ta`limde jan`a pedagogikali'q texnologiyalardi' qollani'w ma`selesi de ha`zirgi ku'nde ju'da` kerekli. O`ytkeni, keleshek a`wladqa bilim beriw, yag`ni'y olardi'n` sanasi'nda sistemali' ilimiy tu'siniklerdi qa`liplestiriw basqi'shi' usi' jerden baslanadi'. Uli'wma ta`limnin` birinshi basqi'shi' bolg`an baslang`i'sh bilim beriw balani' pikirlewge, oylawg`a, o`z pikirin ayti'wg`a ha`m juwmaq shi'g`ari'wg`a, sawatlandi'ri'w tiykari'nda bekkem rawajlani'wi'n ta`miyinlewge xi'zmet etedi.

Izertlewdin` maqseti - baslawi'sh ta`limde aldi'n`g`i' pedagogikali'q texnologiyalardi' en jaydi'ri'w, olardi'n` elementlerinen paydalani'w, mug`allimler ushi'n usi'ni'slar beriwden ibarat

Pitkeriw qa`nigelik jumi'si' tiykari'nan kirisiw, eki bap, juwmaqlaw ha`m paydalani'lg`an a`debiyatlar diziminen ibarat. Kirisiw bo`liminde baslawi'sh ta`limde aldi'n`g`i' pedagogikali'q texnologiyalardan paydalani'w jollari', bag`darlamalari' tuwrali' tu'sinik beriledi. Bunda balawi'sh ta`limde pedagogikali'q texnologiyalardan paydalani'w kerekligi da`lillenedi.

Jumi'sti'n` tiykarg`i' bo`liminde pedagogikali'q texnologiyalardan paydalani'wdi'n` pedagogikali'q tiykarlari' ashi'p beriledi. Sonday-aq oqi'w ha`m ana til pa`nlerin integratsiyalasqan bag`darlamalar ja`rdeminde o`tkeriw boyi'nsha pikirler berilgen. Mug`allimler ushi'n integratsiyalasqan sabaqlardi' qalay sho`lkemlestiriw tuwrali' usi'ni'slar islep shi'g`i'lg`an.

Juwmaqlap aytqanda, Baykuatova Juldi'zdi'n` pitkeriw qa`nigelik jumi'si' o`zinin` ko`lemi ha`m mazmuni' ta`repinen qoyi'lg`an talaplarg`a juwap beredi ha`m oni' qorg`awg`a usi'ni's etemen.

Ilimiy basshi'si': Allayarov M.

A`jiniyaz ati’ndag`i’ No`kis ma`mleketlik pedagogikali’q instituti’ pedagogika fakul`tetinin` «4» kurs studenti Baykuatova Juldi’zdi’n` «Ta`lim-ta`rbiyani’ sho`lkemlestiriw formalari’ni’n` zamanago`y usi’llari’» degen temadag`i’ pitkeriw qa`nigelik j u m i’ s i’na bildirilgen

PIKIR

Baslawi’sh ta`limde pedagogikali’q texnologiya elementlerinen paydalani’w ma`selesi de ha`zirgi ku’nde ju’da` kerekli. O`ytkeni, keleshek a`wladqa bilim beriw, yag`ni’y olardi’n` sanasi’nda sistemali’ ilimiy tu’siniklerdi qa`liplestiriw basqi’shi’ usi’ jerden baslanadi’.

Ha`zirgi waqi’tta bilimlendiriw tarawi’nda t:pkilikli o`zgerisler ju’z berip ati’r. Solardan biri bolg`an bilimlendiriw tarawi’nda aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalardan paydalani’w boli’p esaplanadi’. A`sirese baslawi’sh ta`limde pedagogikali’q texnologiya elementlerinen paydalani’w ku’ndelikli wazi’ypalardan biri boli’p tabi’ladi’.

Uli’wma ta`limnin` birinshi basqi’shi’ bolg`an baslang`i’sh bilim beriw balani’ pikirlewge, oylawg`a, o`z pikirin ayti’wg`a ha`m juwmaq shi’g`ari’wg`a, sawatlandi’ri’w tiykari’nda bekkem rawajlani’wi’n ta`miyinlewge xi’zmet etedi.

Izertlewdin` maqseti – baslawi’sh ta`limde pedagogikali’q texnologiya elementlerinen paydalani’w ha`m ol boyi’nsha mug`allimlerge tiyisli usi’ni’slar beriwden ibarat. Pitkeriw qa`nigelik jumi’si’ tiykari’nan kirisiw, eki bap, juwmaqlaw ha`m paydalani’lg`an a`debiyatlar diziminen ibarat. Kirisiw bo`liminde baslawi’sh ta`limde pedagogikali’q texnologiya elementlerinen paydalani’w jollari’, bag`darlamalari’ tuwrali’ tu’sinik beriledi. Bunda balawi’sh ta`limde oqi’w pa`nlerin pedtexnologiya menen o`tiw kerek ekenligi da`lillenedi.

Jumi’sti’n` tiykarg`i’ bo`liminde pedagogikali’q texnologiya elementlerinen paydalani’wdi’n` tiykarlari’ ashi’p beriledi. Sonday-aq oqi’w ha`m anna til pa`nlerin integratsiyalasqan bag`darlamalar ja`rdeminde o`tkeriw boyi’nsha pikirler berilgen. Mug`allimler ushi’n integratsiyalasqan sabaqlardi’ qalay sho`lkemlestiriw tuwrali’ usi’ni’slar islep shi’g`i’lg`an.

Juwmaqlap aytqanda, joqari’da bildirilgen pikirlerdi esapqa ala oti’ri’p Baykuatova Juldi’zdi’n` pitkeriw qa`nigelik jumi’si’n qorg`awg`a usi’ni’s etemen.

O`zPIII Qaraqalpaqstan filiali’
direktori’, p.i.k. ag`a
ilimiy xi’zmetker: A.T.Tilegenov

A`jiniyaz ati’ndag`i’ No`kis ma`mleketlik pedagogikali’q instituti’ pedagogika fakul`tetinin` n` «4» kurs studenti Baykuatova Juldi’zdi’n` «Ta`lim-ta`rbiyani’ sho`lkemlestiriw formalari’ni’n` zamanago`y usi’llari’» degen temadag`i’ pitkeriw qa`nigelik j u m i’ s i’na bildirilgen

**P I K I R**

Pitkeriw qa`nigelik jumi’si’ tiykari’nan kirisiw, eki bap, juwmaqlaw ha`m paydalani’lg`an a`debiyatlar diziminen ibarat. Pitkeriw qa`nigelik jumi’si’ni’n` uli’wma si’patlamasi’ to`mendegishe xarakterlenedi. Olar to`mendegilerden ibarat:

Jumi’sti’n` aktaulli’g`i’ Baslawi’sh ta`limde pedagogikali’q texnologiya elementlerinen paydalani’w ma`selesi de ha`zirgi ku’nde ju’da` kerekli. O`ytkeni, keleshek a`wladqa bilim beriw, yag`ni’y olardi’n` sanasi’nda sistemali’ ilimiy tu’siniklerdi qa`liplestiriw basqi’shi’ usi’ jerden baslanadi’.

Uli’wma ta`limnin` birinshi basqi’shi’ bolg`an baslang`i’sh bilim beriw balani’ pikirlewge, oylawg`a, o`z pikirin ayti’wg`a ha`m juwmaq shi’g`ari’wg`a, sawatlandi’ri’w tiykari’nda bekkem rawajlani’wi’n ta`miyinlewge xi’zmet etedi.

Izertlewdin` maqseti - baslawi’sh ta`limde ta`lim ta`rbiyani’ sho`lkemlestiriwdin` zamango`y usi’llari’n en jaydi’ri’w, pedagogikali’q texnologiya elementlerinen paydalani’w, mug`allimler ushi’n usi’ni’slar beriwden ibarat

Izertlew ob`ekti- baslawi’sh klasslarda pedtexnologiyalardan paydalani’w protsessi.

Izertlew predmeti- baslawi’sh ta`limde ped texnologiya elementlerinen paydalani’w metodlari’, usi’llari’.

Jumi’sti’n` tiykarg`i’ bo`liminde pedagogikali’q texnologiya elementlerinen paydalani’wdi’n` tiykarlari’ ashi’p beriledi. Sonday-aq oqi’w ha`m anna til pa`nlerin integratsiyalasqan bag`darlamalar ja`rdeminde o`tkeriw boyi’nsha pikirler berilgen. Mug`allimler ushi’n integratsiyalasqan sabaqlardi’ qalay sho`lkemlestiriw tuwrali’ usi’ni’slar islep shi’g`i’lg`an.

Juwmaqlap aytqanda, joqari’da bildirilgen pikirlerdi esapqa ala oti’ri’p Baykuatova Juldi’zdi’n` pitkeriw qa`nigelik jumi’si’n qorg`awg`a usi’ni’s etemen.

**Pedagogika ilimlerinin` kandidati’: R.Alewova.**